

Antologi Geguritan
KAGUBET

KAHANAN

(Ing Tengahing Pandemi Covid-19)

**Prembayun Miji Lestari, Ermi Dyah Kurnia,
Ucik Fuadhiyah, Nur Hanifah Insani,
Sri Prastiti Kusuma Anggraeni, Mujimin,
Didik Supriadi, Yusro Edi Nugroho, Joko Sukoyo**

**Penerbit
LPPM UNNES**

Kampus Sekaran, Gunungpati, Semarang 50229

**ANTOLOGI GEGURITAN
KAGUBET KAHANAN
(ING TENGAHING PANDEMI COVID-19)**

Penulis:

Prembayun Miji Lestari, Ermi Dyah Kurnia, Ucik Fuadhiyah,
Nur Hanifah Insani, Sri Prastiti Kusuma Anggraeni, Mujimin,
Didik Supriadi, Yusro Edi Nugroho, Joko Sukoyo

Cetakan Pertama: Februari 2021

Diterbitkan oleh:

Lembaga Penelitian dan Pengabdian kepada Masyarakat
Universitas Negeri Semarang (UNNES)

Anggota IKAPI

Gedung Prof. Retno Sriningsih Satmoko, Kampus Sekaran, Gunungpati,
Semarang Kode Pos: 50229
Telp: (024) 8508089 - Fax: (024)8508089
Email: lppm@mail.unnes.ac.id

Perpustakaan Nasional: Katalog Dalam Terbitan (KDT)

Antologi Geguritan Kagubet Kahanan (Ing Tengahing Pandemi Covid-19) /
penulis, Prembayun Miji Lestari, dkk. -- Semarang: LPPM UNNES, 2021.

15,5 x 23 cm
xvi + 135 hal

ISBN: 978-623-6967-34-8

1. Geguritan (Jawa) l. Prembayun Miji Lestari, dkk

Pambuka



KATA PENGANTAR DEKAN FAKULTAS BAHASA DAN SENI UNIVERSITAS NEGERI SEMARANG (FBS UNNES)

Saya mengapresiasi atas terbitnya karya berupa antologi geguritan “*Kagubet Kahanan*” yang diinisiasi Dr. Prembayun Miji Lestari, M.Hum selaku Ketua Jurusan Bahasa dan Sastra Jawa di lingkungan FBS UNNES. Kumpulan karya berupa puisi Jawa ini ditulis oleh para dosen dan bertemakan tentang wabah pandemi Covid-19. Tulisan-tulisan yang menggambarkan keadaan di masa pandemi dan terangkum dalam antologi ini, kelak akan menjadi bukti sejarah. Masa pandemi adalah masa ujian-cobaan besar bagi semuanya, apa saja yang terjadi di masa pandemi, terenda dalam karya ini.

Kompilasi karya “*Kagubet Kahanan*” merupakan judul yang sangat cocok untuk merepresentasikan keadaan pandemi yang terjadi saat ini. Apa yang dilihat, apa yang dirasakan, apa yang dipikirkan oleh para penulis, dan ditulis dalam bentuk tulisan merupakan bukti karya yang berhasil mewujud di tengah-tengah keterbatasan keadaan. Adanya pembatasan sosial di mana-mana, tak menghalangi para penulis untuk tetap produktif dan menghasilkan goresan-

goresan kata dalam bentuk buku. Di dalam buku ini, banyak nilai dan ajaran-positif yang bisa diambil oleh para pembaca. Mengajarkan untuk bersabar, mengupayakan agar terhindar dari virus corona, pasrah total terhadap ketentuan Tuhan, senantiasa berpositive thinking atas kondisi apapun yang terjadi, serta ajaran baik lainnya.

Harapan saya, semoga karya ini bisa menginspirasi dan memberikan banyak manfaat kepada para pembaca. Buku ini akan menyejarah karena terlahir di masa-masa sulit, penuh keterbatasan, dan merekam jejak-jejak keadaan saat pandemi Covid-19. Selain itu, ini bisa menjadi bahan bacaan bagi para pecinta karya sastra Jawa, para pendidik, masyarakat, dan utamanya bagi generasi milenial yang belajar mengenai bahasa Jawa. Atas nama Dekan FBS UNNES, saya mengucapkan selamat atas lahirnya karya ini, semoga para penulis terus produktif berkarya dalam segala suasana dan penuh manfaat. Semoga pandemi segera berakhir dan kita mampu mengambil pelajaran berharga di balik semua peristiwa. Aamiin...

Salam hormat

Dr. Sri Rejeki Urip, M.Hum.

Dekan FBS UNNES

Testimoni

PARA PAKAR/AHLI

“Kula ngaturaken pangayubagya dene antologi geguritan **“Kagubet Kahanan”** ingkang dipunserat dening Bu Prembayun sakanca menika kababar ing tengah-tengah mangsa pagebluk kang sarwa ndrawasi. Pandemi Covid-19 dados tantangan tumrap kita sedaya. Sastra gurit dados salah satunggaling panglipur manah ingkang ageng werdinipun, tur sumber pangajeng-ajeng tumrap sedaya ingkang rumaos ing mangsa samangke. Nderek bingah, sugeng maos”.
Canberra, Desember 2020

- **Prof. George Quinn** (Dosen ANU, Canberra, Australia)

Maca geguritan iki kaya lagi nyawang ombaking segara butheg. Ngusung iwak enak lan sangkrah kang njalari getering dhadha mengkap-mengkap. Iki geguritan kang klebu titen open mawas mobah mosiking lelakon kang nggubet jagad saisine.

- **Prof. Dr. Suwardi Endraswara** (Ketua Umum Himpunan Sarjana-Kesusatraan Indonesia/HISKI Pusat, Dosen Universitas Negeri Yogyakarta)

Antologi geguritan Kagubet Kahanan yang disusun oleh Dr. Prembayun Miji Lestari dkk. ini bisa dikatakan sebagai bentuk keprihatinan terhadap wabah Covid-19. Namun, problematik yang dibawa si Corona dalam puisi-puisi berbahasa Jawa ini menarik untuk disimak karena dibungkus dengan “nuansa” kereligion, kehidupan sosial, dan pendidikan di sekitar kita.

Salut dan tahniah untuk para pegurit yang karya puisinya termuat dalam antologi berharga ini. Karya sastra Jawa bertambah khazanahnya dengan kehadiran antologi ini.

– **Dr. Ganjar Harimansyah** (Kepala Balai Bahasa Provinsi Jawa Tengah)

Apresiasi yang tinggi. *Kagubet Kahanan* adalah bentuk dialektika metafisik yang digagas oleh Dr. Prembayun Miji Lestari. Luar biasa, beban manusia menanggung beratnya *kahanan* dilukiskan dengan sangat baik, urut, dan begitu menyentuh perasaan sesiapa saja yang mendengarnya. Itu artinya, makna pada setiap ikatan kata dan kalimat dalam baris atau larik puisi (guritan) tidak saja menunjukkan sebab-akibat yang artifisial. Namun, lebih dari itu secara khusus menembus wilayah metafisik, realitas (*kahanan*) ditempatkan pada *maqam* yang lebih tinggi dan halus maknanya.

Kagubet Kahanan adalah bentuk keprihatinan Dr. Prembayun, dkk terhadap peristiwa *pageblug* yang dahsyat. Bencana ini telah memporak-porandakan tata kehidupan manusia (*gonjang-ganjing*), pranata sosial, dan bangun budaya yang hancur lebur. Pandemi Covid-19 adalah “Tsunami” yang mengukuhkan kegagalan skenario globalisme. Manusia kembali kepada kebutuhan dasar, yaitu: selamat dan tetap hidup...

...Apakah ini pertanda akhir peradaban? Dr. Prembayun Miji Lestari, M.Hum. menawarkan khatarsis yang tepat, kembali kepada Sang Pencipta. Pasrah dan berdoa bagi keselamatan Bersama.

- **Prof. Sahid Teguh Widodo, S.S., M.Hum., Ph.D.** (Ketua Javanologi Universitas Sebelas Maret Surakarta/UNS, Reviewer Beberapa Jurnal Internasional Scopus dalam Bidang Bahasa, Sastra, dan Budaya)

Ndherek bingah awit kababaring geguritan pandemi covid yasan para kadang saged kacithak dados buku. Gurit kanthi irah-irahan "Kagubet Kahanan" menika minangka tandha para panggurit ndherek prihatos lan empati dhumateng perjuangan para kadang dokter lan perawat tuwin mingaka pangeling bilih covid danget mbebayani. Mugi panandhang pandemi menika enggal kabengkas. Aamiin YRA...

- **Prof. Dr. R.M. Teguh Supriyanto, M.Hum.** (Guru Besar Bidang Sastra, Universitas Negeri Semarang/UNNES)

PARA GURU

Salam Rahayu. Nuwun. Kula nuwun. Ngaturaken pambagya wilujeng.

Kagubet Kahanan, antologi geguritan saking Dr. Prembayun Miji Lestari, M.Hum. sakana ingkang karacik nyata minangka panyuntaking driya mangertosi kahanan kang tanpa dipunnya "kedah" dipunlampahi manungsa. **Kagubet Kahanan** antologi...

...geguritan saking Dr. Prembayun Miji Lestari, M.Hum. sakanca menika minangka lukita sumarahing titah sawantah marang Gusti Allah, karonce kanthi diksi kang nengsemaken tumus dumugi ing ati. Ewadene **Kagubet Kahanan**, lumantar geguritan asung wasita marang jalma kudu nyawiji marang Gusti. Satemah geguritan menika trep manawi dipunginakaken ing pawiyatan. Mongkog lan bingah kanthi kababaripun antologi geguritan menika. Antologi geguritan kang murakabi tumraping sasami. Sugeng maos. Rahayu. Rahayu. Rahayu. Nuwun. Matur nuwun.

- **Ikke Kusumawati, M.Pd.** (SMA Negeri 1 Andong, Boyolali, Jawa Tengah)

Salam budaya,

Saestu, raos syukur kita aturaken dhumateng ngarsanipun Gusti Allah, awit buku antologi geguritan saking Dr. Pembayun Miji Lestari, M.Hum sakanca sampun saged kalampah lan kababar ing wekdal punika. Babaring buku antologi punika saestu saged dados pepeling ing mangsa pandemi covid 19 ingkang wigatos, ugi paring seserepan wewarah-weweruh ing mangsa pageblug. Salajengipun, kajab kanthi buku antologi punika sageda sastra Jawi samangke saged ngregengaken jagad sastra nuswantara. Matur nuwun.
Yogyakarta, 23 Desember 2020

- **Dinari Katarina, S.S, M.Pd.** (SMA Negeri 10 Yogyakarta)

ana kahanan kang ndadekake kahanan donya gonjing.
ana kahanan peteng kang gumeleng, sing taksawang
kaya dene langit mendhung tumiyung.
kahanan sepi kaya dene bumi dipungkasi....

Geguritan "**Kagubet Kahanan**" kang ditulis dening Dr. Prembayun Miji Lestari, M.Hum nggamarake donya kang lagi nandhang pepeteng jalanan saka dayane pandhemi Corona. Menawa maca utawa ngrungokake geguritan mau, kaya sinendhal rasane ati. Rasa miris meruhi kahanan kang dumadi. Akeh kang padha sambat maneka warna. Akeh sing ora bisa kerja nyukupi kebutuhaning kulawarga. Akeh para siswa kang padha angresula kebak pangundhamana.

Rikala kahanan lumaku tumata kaya jaman semana. Akeh kang padha tumindak nistha kebak panganiyaya. Bareng lelara teka, kabeh padha ora bisa mrana-mrana. Makarya kudu saka jero bale wisma, nggunakake dayaning angkasa. Kaya mangkana gegambaraning geguritan "**Kagubet Kahanan**" kang katulis kanthi rasa kang tuwuh saka sajeroning wardaya. Mula menawa maca, kaya-kaya kita weruh kahanan kang ana sangarepe mata. Banjur tuwuh rasa rumangsa yen kita tan darbe daya, hamung Gusti Kang Maha Kawasa kang murbeng rat pramudita. Panglucitaning wardaya, "Dhuh Gusti Sang Yang Widi. Sajeroning reroncening pandonga muga lelara enggal lunga. Dhuh Gusti sajeroning ati nyuwun agunging pangaksama", kaya kang di tulis dening panggurit. Mangayubagya awit terbitipun buku antologi gurit Dr. Prembayun sakanca.

- **Agus Prihandoko, S.S., M.Pd.** (SMA Negeri 1 Plaosan Magetan, Jawa Timur)

Sasampunipun kula nyimak gurit *Kagubet Kahanan*, kula onceki babagan isi, pamilihing tembung ingkang mentes, purwakanthi, sarta tipologi. Masalah isi inggih punika masalah ekspresi jiwa pangripta sajroning nanggapi bab-bab kang dislami, diweruhi, kahanan sakiwa tengene, panguneg-uneg, gegayuhan, wawasan. Sampun jumbuh bilih gurit punika nggamaraken kahanan wekdal dapunika. Lajeng pamilihing tembung ingkang mentes,gurit ibu psmilihing tembung ingkang prasaja nsnging mirasa,saengga gsmpil dipun mangertosi sok sinten kemawon. Ngginakaken purwakanthi gurit punika sampun ngetrepaken purwakanthi ingkang runtut saengga hanambahi nges endah, saha mbangetaken. Lajeng tipologi menika gayut kaliyan bentuk, utawi cakrik. Larik wiwitinan ngantos pungkasan wonten gayutipun utawi nyawiji. Dados dudutanipun gurit *Kagubet Kahanan* punika sampun runtut sae, saha jumbuh kaliyan pepakem gurit.

– **Saena** (SMA Negeri 1 Karangdowo, Klaten)

Geguritan *Kagubet Kahanan* menika minangka salah satunggaling panyuntaking pangraos saking Dr. Prembayun mirsani kawontenan jagad amargi wontenipun salah satunggaling virus. Geguritan menika saged paring nggamaraken kawontenan saking masarakat, kadospundi awratipun kawontenan ingkang boten saged dipunendhani dening sinten kemawon. Tembung mendhung tumiyung, wingit anggigit menika dipunginakaken kangge paring wewayangan bilih donya nembe nandhang duhkita. Panggurit ugi nyebataken menika kalebet pagebluk, pacoban, utawi kawontenan ingkang nyentak manah saben tiyang menika minangka pratandha sumangga...

...sami ngupados ugi nengenakaken pangraos, menapa ingkang nyebabaken kawontenan menika kalampahan? Saking tumindaking manungsa utawi pacoban? Wonten geguritan kalawau ugi dipunudhari raos nglenggana kalepatan minangka jalma menungsa pramila saged dipunpendhet bilih jalma manungsa ngrumaosi taksih kathah kalepatan, dosa ingkang dipunlampahi pramila kawontenan menika kalampahan. Menawi dipuntingali saking basanipun, lugas, gampil dipunmangertosi kajengipun, ananging maknanipun rumasuk wonten manah. Ngaturaken apresiasi ingkang inggil kagem Dr. Prembayun awit saged maos kawontenan kanthi titis...Sukses Bu Ayun...

– **Sri Mulyani, S.Pd.** (SMP Negeri 2 Magelang)

Manungsa amung saderma bisa lumaku ing lurung kang wis ginaris. Raos mongkog lan bingah maos antologi geguritan Kagubet Kahanan ing mangsa pagebluk punika, ndadosaken tumetesing luh amargi rasa pangrasa ingkang amung saged kapendhem kagelung raos pasrah. Saben tembung karonce sinambung ing ukara lan gatra ingkang saged nggugah krenteg, bilih taksih wonten Gusti ingkang saestu nyawiji ing sajroning ati. Sugeng maos sinambi nata ati. Nuwun.

– **Atiek Rachmawati, S.S.** (SMA Negeri 2 Grabag, Magelang)

Ibarat mendhung kang tumiyung, wekdal samangke kahananing dunya tasih kebak ing swasana tintrim & pangarep-arep sae. Ujian pandemi Covid 19 estu damel "tatu" tumrap sadhengah tiyang, komunitas, profesi, lan pabrayan agung. Namung sedaya kasuwun boten kedlarung-dlarung anggenipun nelangsa lan sasat kentekan pangarep-arep. Lumantar geguritan menika Bu Prembayun ngemutaken bilih tiyang gesang kedah tetep sabar saha ikhlas nampi pacoban, sinartan dunga & panyuwunan pangapunten murih enggal sirna sakathahing memala. Mugi-mugi kita sedaya saged emut purwaduksina, tata-tata sangu pati, enggal-enggal mulat sarira angrasa wani. Wilujeng Ibu Prembayun sakanca. Rahayu sagung dumadi. Aamiin.

- **Sri Paminto S.S, M.Pd.** (SMA Negeri 1 Weru Sukoharjo dan Sekretaris Yayasan Panakawan Provinsi Jawa Tengah)

Nuwun...Mugi kawilujengan, kasarasan, kabagyan katumrapan dhumateng kita Sedaya. Antologi geguritan "**Kagubet Kahanan**" kang kaserat dening Dr. Prembayun Miji Lestari., M.Hum. sakanca menika satunggaling wujud gegambaran gumregutipun sastra Jawa, ing satengahing ngadepi kahanan pagebluk pandemi covid19. Antologi geguritan **Kagubet Kahanan** karakit kanthi tetembungan ingkang apresiatif lan ngemot piwulang lan piweling luhur dhumateng para pamaos punapa pandhemen geguritan. Pramila eman sanget menawi karya agung awujud buku antologi geguritan **Kagubet Kahanan** menika ngantos boten kita gadhahi. Ing pangajab Mugi sastra Jawa tansah ngrembaka ing madyaning jagat Ageng menika, sageda jaya jaya Wijayanti Rahayu tanpa reridu.

- **Wahyu Fajar Budi Adi, S.S.** (SMA Negeri 1 Karanganyar)

Daftar Isi

Pambuka.....	iii
Testimoni.....	v
Daftar Isi.....	xiii

Prembayun Miji Lestari

Kagubet Kahanan	1
Critane Akeh Maling.....	2
Sepi Nyenyet.....	3
Sepi Gung Liwang-Liwung.....	5
Wani Nggetih.....	6
Aja Nggersula.....	7
Gurit Covid.....	8
Aja Lelungan.....	9
Kesandhung Mala.....	11
Lockdown.....	12
Tembang Corona.....	13
Cathetan Ing Dina Riyaya.....	14
Bakdha Nalika Corona Tumeka.....	16
Remeng-Remeng.....	17
Rapotan Corona.....	18
Jamane Jaman Online.....	19
Mangsa Corona.....	20
Sepi Nyalawadi.....	21
New Normal.....	22

Tambahing Angka.....	24
Mantenan Mangsa Pandhem.....	25
Abang Mbranang.....	26
Aja Mung.....	27
Donyane Corona.....	28
Mobat-Mabit.....	29
Nalika Corona.....	30
Lelakoning Urip.....	31
Gembreges.....	32
Wingit.....	33
Donga Panyuwunku.....	34
Positif-Negatif.....	35
Rumangsamu.....	36
Percaya.....	37
Dina Iki.....	38
Pesene Ibu.....	39
<i>Rapid Test</i>	40
Keprungu Kabarmu.....	42
Ora Nyangka.....	43
Mangsa Wingit.....	44
Pepeling.....	45
Jaga Tangga.....	46
Wosing Ati.....	47
Ambyar.....	49
Dongane Wong Sadonya.....	50
Edan Tanduran.....	51
Kapan Rampunge?.....	52
Vaksin.....	53

Ermi Dyah Kurnia

Kuwi Jenenge Corona, Le.....	54
Rasa Pangrasa.....	55
Janjine Awak.....	56
Konspirasi Corona.....	57
Bulan Sigar.....	59
Matur Nuwun.....	60
Ngangsu Kawruh Model Corona.....	61

Urip Model Corona.....	63
Mengeti Kamardikan RI.....	64
Donga Sibu.....	65

Ucik Fuadhiyah

Dudu Sing Ungu.....	66
Nggendhong Mbopong.....	67
Wektu.....	68
Dhondhong Tanpa Dhuku Cilik.....	69
Putu Ayu Lan Ondhe-Ondhe.....	70

Nur Hanifah Insani

Sirnane Bebendu.....	71
Papa.....	72
Langgar Suwung.....	73
Lawe Rinonce.....	74
Lawang Kekuncen.....	75
Surem.....	76
Pangupajiwa.....	77
Mbukak Nalar.....	78
Kangen Sekolah.....	79
Ajar Ndchingkluk.....	80

Sri Prastiti Kusuma Anggraeni

Corona.....	81
Eling.....	82

Mujimin

Alus.....	83
Sambat.....	84
Menawa.....	85
Seda.....	86

Didik Supriadi

Pupuh Dhandhanggendifis.....	87
Gula Geseng.....	89
Dhandhang Ngorek.....	91

Bawa Kembang Kacang.....	93
Bawa Langgam Durung Dadi.....	94
Dhandang Goling Kasaput Swarane Maling.....	95
Dhandhanggula Saka Manca.....	97
Manis Rengga Asih Tresna Sri Panganten Kang Wus Kapanggihaken Ing Adat Lupiya.....	99
Pupuh Dana Asmara Panglipure Rasa Sepi.....	101
Asmaradanane Rada Kingkin.....	103
Sepi Patik Geni.....	105
Asma Ra Dana.....	107
Asmara Gemes.....	108
Wangsulane Anjasmara Ari Mami.....	110
Mantrane Asmaradana.....	112
Gandrunge Beksan Karonsih Kairing Pangrawit Tebih Malah Dadi Driyasmara.....	114
Aja Turu Sore Kaki.....	117
Parikena-Parikeni.....	119

Yusro Edi Nugroho

Dhemit Ora Ndulit Setan Ora Doyan.....	121
Riyaya Taun Iki.....	123
Mung Kari Separo.....	124
Kelas <i>Online</i>	125

Joko Sukoyo

Geger.....	126
Corona.....	127
Ben.....	128

Profil Penulis..... **129**

Antologi Geguritan
KAGUBET
KAHANAN

(Ing Tengahing Pandemi Covid-19)

Kagubet Kahanan

(Prembayun Miji Lestari)

Ana kahanan sing ndadekake jagading donya gonjang-ganjang
Ana kahanan peteng kang nggumeleng
Sing daksawang kaya dene langit mendhung tumiyung
Kahanan sepi, kaya dene bumi arep dipungkasi'
Kahanan wingit anggigit, sajak nyalawadi
Kahanan tintrim, kaya dene bumi kagubet ing pati
Dhuh Gusti....

Menapa kahanan kang dumadi kasebut pagebluk?
Pacoban?
Utawi kahanan kang nyentak manah saben jalma
Mendhung tumiyung wis tumiba netesake banyu udan

Ambyaring kahanan....
Kahanan crita: udan tangis, merga ongating nyawa lan lelara
tumeka
Kahanan kandha: akeh jalma makarya saking bale wisma
Kahanan rerasan: bocah sekolah utawa sing kuliah, sambat
boros kuota uga pulsa
Kahanan glenikan: sing kulina kerja nglembara, bingung arep
mangan apa
Kahanan clumikan: aja lelungan, yen ora pingin ketular mala
Dhuh Gusti, Sang Hyang Widhi...

Sajroning reronteling pandonga
Mugya corona enggal lunga
Dhuh Gusti...
Sajroning ati nyuwun angunging pangaksami

*ing tengahing wengi wulan Februari 2020

Critane Akeh Maling

(Pembayan Miji Lestari)

Lelakoning donya
Ana ing kahanan kajiret corona
Mesa ana kang gawe prekara
Dakpiyak saka warta uga crita kang katrima
Jebule padha, iya padha...
Akeh maling jare sing dha kandha

Lelakoning donya
Ananing lelakon pagebluk corona
Mesa ana saperangan jalma kang nggegodha
Sawise tahanan napi kaumbar ing njaba
Akeh rericuh, maling, begal, jambret, copet, uga lelakon liya
Kang marai mengkirik saben sapadha-padha

Critane akeh bebaya
Saben wengi ing cakruk utawa pos rondha
Katone sepi ora ana manungsa
Lha kepiye ya
Isih sore wae wis padha playon ngoyak mala awujud
manungsa
Maling....maliiiiingggg.....maaaliiiingggg....

*Wayah wengi tumeka, Maret 2020

Sepi Nyenyet

(Pembayan Miji Lestari)

Sumelete srengenge ing tengahing awan
Kekesing angina ing tengahing wengi
nora kaya nalika sabendinane
Kang wus lumaku
Jan...pancene bedha, temenan
Jan...pancene temenan, bedha
Jan...bedha temenan, pancene
Jan...bedha pancene, temenan
Jan...temenan bedha, pancene
Jan...temenan pancene, bedha

Sepi nyenyet
Hem...nyenyet, sepiii
Kang ngeglala wela-wela merga corona tumeka
kahanan sepi nyenyet
Pancene sepi iki mbabar rasa mring pra kawula
mbabar rasa sabar narima
mbabar rasa nelangsa
mbabar rasa gela
mbabar rasa kuciwa
mbabar rasa mbuh arep ngapa
mbabar rasa mosak-masik keterak cecoba

Alaming sepi nyenyet merga corona, nyalawadi, anggegirisi
sajak menehi piwulang
“aja dumeh, merga virus cilik akeh wong bisa lara uga tilar
donya

elinga, reramening donya bakale sirna
gebyaring donya bakale lunga

akahe bandha bakale ditinggalna
moncering pangkat drajat bakale kagenti wong liya
aja dumeh...aja dumeh....aja dumeh...
heee, kowe para manungsa!"

Alaming sepi nyenyet
pancene nggawa akeh piwulang
tumraping saben jalma
supaya tansah eling lan waspada

Klaten wayah wengi, Maret 2020

Sepi Gung Liwang-Liwung

(Pembayan Miji Lestari)

Daktulis gurit iki
srana pangudarasa
rasa sepi sing dirasa wong sajagad bumi
gung liwang-liwung, sepi kang sinandhi
sepi ati, sepi kahanan sing karasa mring manungsa

Dakronec gurit iki
pratandha butuh crita
Gung liwang-liwung, sepining sepi
sepi kayadene wayah wengi nir cahya
Dakrapalake gurit iki
mugya anemu pepadhangging warna
gung liwang-liwung, sepii...
...

Klaten, Maret 2020

Wani Nggetih

(Pembayan Miji Lestari)

(Katur tenaga kesehatan)

Lumantar reroncening tembung kang kakidung
dakrone atur sembah panuwun tanpa pepindhan
awit, pangorbanan saha labuh labetmu mring kahanan
Welas asihmu mring liyan

Wani nggetih ana ing paprangan

Sanadyan luh tumetes kaya dene kali

Sanadyan sanggamu abot merga bebaya iki

Ananging panjenengan sedaya wani ngadepi

Ora mlayu tetep netepi janji

Pancene wani nggetih...

anggonmu tumandhang,

nadyan ana rasa sumelang, kaguwang

Pancene wani nggetih...

anggonmu makarya

toh nyawa uga kulawarga

Pancene wani nggetih...

anggonmu mrantasi, ndodok ati

Wani nggetih?

Iya, pancene wani nggetih!

Klaten, Maret 2020

Aja Nggersula

(Pembayan Miji Lestari)

Pancene kahanan ing kasunyatan
ngeglia wela-wela ketok mata
marga corona, maneka warna sing karasa
ana sing rumangsa wedi, susah, bingung arep ngapa

Aja kakehan nggersula
Aja kakehan nyalahke kahanan
Aja kakehan sambat mring liyan
Mundhak sing mbok rasa, tambah rekasa
Aja kakehan nggersula
Aja kakehan nyalahke wong liya

Sing sabar narima anggonmu nampa cecoba
Sabar iku temenan anggonmu mbudi daya samubarang
swasana
Narima iku ora usah nggersula
Syukurana, apa wae kahanane sing mbokrasa
Syukurana apa wae sing digariske Kang Kuwasa
Eling-elingen, aja nggersula ya!

*Lingsir wengi, April 2020

Gurit Covid

(Pembayan Miji Lestari)

Gurit Covid iki, ora crita babagan alu arit, apa dene clurit

Gurit iki crita babagan rasa pangrasa

Pangrasamu, apa ya padha karo pangrasaku?

Sing dakrasa, ambyaring Covid

Merga Gusti Allah isih tresna mring manungsa

Sing dakrasa, Gusti Allah nyoba mring para kawula

Sing dakrasa, Gusti Allah paring pepeling mring sapadha-padha

Elingana.....

Sandyan cilik awujuding mala

Manungsa sajagad raya, pada geger lemper

Manungsa sak alam donya, bingung kakungkung

Elingana....

Merga Covid 19 utawa virus corona

Para kawula ing sakurebing langit, ngrasakke wingit

Para kawula ing salumahing bumi, cilik ati merga kahanan iki

Elingana....

Merga novel coronavirus utawa mbuh apa jenenge liya

Para jalma ing sajagading bumi, rumangsa wedi

Para jalma ing sadengah papan panggonan, sumelang anglalang

Dhuh Sang Hyang Akarya Jagad Donya

Mboten tansah kendat, wonten ing rantaman pandonga

Mugya kahanan, bali kaya sadurunge Covid tumeka

Mugya sedaya kaparingan sehat, kuwat, manjelma

Saha bagya mulya kang karasa

Aja Lelungan!

(Pembayan Miji Lestari)

Daktulis gurit iki, merga gregetan mring kahanan
Kumlewa ing ngareping netra
Kang kawaca saka layar kaca,
utawa ing kasunyatan jagad raya
Akeh sing isih nyeperekake, anane corona
Akeh sing isih ngeyel, jare corona ora apa-apa
Dadine, kepiye coba?
Ambyar....dadi ambyar...

Lelungan sapenake dhewe
Kumpul-kumpul ro liyan lumaku terus pokoke
Ora beras ora menir,
ora nggagas ora mikir
Ora nggagas, jaremu “ya wis ben ta, lelungan sakkarepku,
sakpolahku”
Ora mikir, jaremu “ya wis ben ta, lelungan saksenengku,
sakbungahku”
Ora preduli, jaremu “ya wis ben ta, rasah padha muni
ngrasani”
Ora preduli, jaremu “ya wis ben ta, rasah padha ngandhani,
aku wis ngerti”

Ealah tobaaaatttt....tobaaaaaaattt....
Diomongi “aja lelungan!”, kok malah pecicilan
Dikhandani kon ngati-ati, kok malah mliriki
Dituturi apik-apik, kok malah nampik
Ya wis, nak karepmu pancene ngono
Nak ana apa-apa, aja sambat ya!
Nak wis ketular mala, pancene lagi gela

Ya wis ben, rasakna dhewe.... rasakna dhewe...
Rasah nyalahke liyan
Lha wong dikandhani, “aja lelungan!”
Tanggepanmu wae, sajak malah ngece

Kesandhung Mala

(Prembayun Miji Lestari)

Sumebaring warta kang nggegl a cetha
nyentak ati andadekake wedi
Merga yen kesandhung mala iki
marakake ora tentrem, ora lerem ing ati

Mala kang kaaran Corona
Dadi pepeteng kang ngalangi endahing swasana
Dadi memedi kang ngowahi sakabehing rasa
Mala kang kasebut Corona
Sesandhungan kang agawe gethering jiwa
Dadi pepeling kang ngelingake tumraping Kang Maha Kuwasa

Mala kang kaceluk Covid-19
Nuduhake samubarang crita
yen wis kesandhung mala
Deloken ing rumah sakit...
ana kahanan pating jlerit
Deloken ing kamar mayit...
kahanan rasane wingit anggigit
Deloken ing pakuburan...
ambabar miris kaya dene ati kairis-iris
Deloken ing njaban pasarean...
angumbar tangis kaya dene udan grimis ra uwis-uwis
merga nyawang kahanan uga nyandhang lelakon marai nangis

Lockdown

(Pembayan Miji Lestari)

Covid-19 mring WHO wis ditetepke dadi pandemi
Ateges lelara iku wus sumebar ing jagad donya
Bar ditetepna iku akeh negara kang *lockdown*
Akeh sing padha takon?
Apa ta iku *lockdown*?

Jare kang Parto tanggaku, *lockdown* iku
Laukdaun, mangan gegodhongan
Ha ha ha.....dadi geguyon
Kandhane Yu Parti sedulurku, *lockdown* iku kekuncen
Kojahe kang Misri kancaku, *lockdown* iku isolasi
Critane Yu Sami tanggaku, *lockdown* iku
misah saka manungsa utawa aja kumpul-kumpul
Kang Paijo sing dadi lurah ngendhika, *lockdown* ki jaga jarak
Yu Parjo sing dadi guru ngandhani, *lockdown* ki karantina
kewilayahan

Sakkarepmu lah arep ditegesi apa
sing genah ayo padha terus ndedonga
muga-muga viruse enggal lunga
ayo padha njaga, urip sing resikan
aja lali sregep reresik, tangane sregep diwisuhi
aja lali nganggo masker menawa arep lunga-lunga
nak watuk-watuk utawa wahing, aja lali ditutupi
mangan ngombe, sakabehe dijaga
nak kesel awake, lerena aja dipeksa
mundhak lara mengko dadi gela

Klaten 04.2020, nalika wengi tumeka

Tembang Corona

(Pembayan Miji Lestari)

Corona oh corona...

merga corona wong sakdonya
nggelar crita nganti dhawa
kocapa sajroning corona tumeka
nganti seprene, mbuh nganti kapan corona sing arep lunga

Corona...corona...

ndang baliya, corona...
ndang muliha, corona...
mrung papan samestimu, corona...
mrung panggonan kang kepama kanggomu, corona...

Corona ndang lungaa
kabeh wis padha kangen, nglakoni panguripan
panguripan kang jenak temenan
panguripan kang nggawa rasa maneka warna
ndang ngadoha kana corona
murih donya tentrem kang karasa

(Klaten, April 2020, nalika surya tumeka)

Cathetan Ing Dina Riyaya

(Pembayan Miji Lestari)

Rikala takbukak lawang ing dina riyaya tahun iki
dakkabarake ing kene,
bocah-bocah ora katon geguyongan
apa maneh jejingkrakan bungah merga entuk dhuwit fitrah
utawa bebungah

Daksawang lodhong panganan utawa nyamikan
Biyasane kalong pirang-pirang
Ananging saiki, kabeh isih wutuh
Malahan isih segelan, plesteran rapet
Merga ra ana sing mbukak apa maneh sing mangan

Daksawang kamar tamu katon sepi
kajaba aku, anak-anaku ro bojoku
kang katon lungguh sinambi crita ro ngguya-ngguyu
Biyasane wayah riyaya ngene iki
kebak bocah cilik-cilik padha ngguyu katon lucu
nalika nampa amplopanku
sing enom, tuwa padha salaman trus jagongan ambabar kabar

Daksawang meja makan
kebak pangan: opor iwak pitik, lontong, sambel goreng,
krupuk urang, lan liya-liyane
sing ngrahapi ya bur keluwarga inti
Daksawang klambi sing bar dinggo sholat riyaya idul fitri
klambine ora anyar
biyasane sakluwarga wayah badha
klambine anyar, mesthi sragaman
padha rupa, padha werna

saiki ora mikir klambi anyar
merga kahanan kudu njaga rasa njaga tangga
iku cathetan-cathetanku ing dina riyaya taun iki

Bakdha Nalika Corona Tumeka

(Pembayan Miji Lestari)

Bakdhaku, bakdhamu taun iki pancene bedha
Ora kena lunga-lunga, apa dene mertamu na sedulur tangga
Jare kon stay at home utawa di rumah saja alias na ngomah
wae
Iya bakdha tahun iki pancene ora entuk saba

Bakdhaku, bakdhamu taun iki pancene ora padha
Biyasane silaturahim ujung njaluk ngapura menehi ngapura
Mara tumeka tilik sedulur tilik tangga
Sinambi mangan nyamikan ro jagongan crita neka-neka

Ananging...

Bakdhaku, bakdhamu taun iki bakdha nalika corona tumeka
Bakdha kang ora krassa kaya bakdha
Ora ana tamu tumeka, kajaba kulawarga
Panganan pirang-pirang ananging bur disawang

Remeng-Remeng

(Pembayan Miji Lestari)

Kahanan anane corona katon isih remeng-remeng
Ora ana sing isa mestekake kapan kahanan bisa padhang
Saiki, ing sadengah panggonan kumpul manungsa pirang-pirang

Kahanan ora cemuwit, meneng
Dak eja kahanan kang anteng katone bakal nuwuhake peteng

Ademe wengi nalika tetese bun tumiba
Panase cahya kang sumelet ing tangahing dina
Mbabar crita anyar bab corona
“Sing kena corona tambah akeh” jarene sing dha kandha
Krungu uga tambahing perkara iki saka warta ing layar kaca

Virus corona, covid-19, social distancing, new normal, lock down, lan sapanunggalane
Ngebaki rembugan ing sadhengah papan
Uga crita work from home, work from office, stay at home, kuliah-sekolah online, lan liya-liyane
Saben dina dadi omongan uga rerasan

Remeng-remeng kahanan nguda rasa
Sing padha ngati-atи njaga diri
Aja lali tangan diwisuhi
Olahraga, uga reresik aja lali
Remeng-remenge kahanan, mugya enggal sirna
Enggal lunga adoh saka donya

*Ing lingsiring wengi, 20 Juni 2020

Rapotan Corona

(Pembayan Miji Lestari)

Rapotan bocah sekolah taun iki, ora kaya adat sabene
Biyasane sekolah-sekolah rame
Ananging ing taun iki sepi maring katone
Pancene ngono kahanane

Njupuk rapote gilir gumanti, ora bebarengan
Iku wae bur saknyuk, sakgrengan
Rapote ditampa, foto sedhela trus bar iku bali mulih
Oiya, nalika mlebu sekolah dipriksa suhu awake
Wisuh nganggo banyu sabun utawa cukup nganggo *hand sanitizer*

Makane wajar yen rapotan ing wayah iki diarani rapotan corona
Ah, ana-ana wae ya...ya...
Rapotan corona pancene bedha lakone jaman pancene kudu ngene
Arep kepiye maneh je
Ujarku mring awakku dhewe

*Klaten, 20 Juni 2020 nalika esuk tumeka

Jamane Jaman Online

(Pembayan Miji Lestari)

Jaman saiki jamane sarwa online
Jaman kang sarwa praktis ringkes
Simbok-simbok, emak-emak, ibu-ibu blanja apa wae, online
Sing padha kerja, sing padha sekolah-kuliyah, online
Sing padha webinar, sing padha workshop-pelatihan, online
Bocah sekolah utawa sing kuliyah, nalika lulus wisuda, online
Maneka warna saiki sarwa online
Pancene jamane jaman online
Pitakonku, tekane kapan jamane kaya ngene?
Liyane ya mung padha pitakone...

25.06.2020

Mangsa Corona

(Pembayan Miji Lestari)

Mala nyumebar

ambabar rintik-rintik eluhing jalma

Mangsa corona tumenga

mala ambyar kababar

Esuk sore rina wengi

angupakara lair batin, sajroning ati

mugya corona enggal sirna saking bumi

mugya corona ngaduhan ora nemahi

Mangsa corona cetha wela-wela

tambahing angka jalma kang tumama

menehi pepeling

“Ngati-ati, aja nyepelakake”

menehi pepeling

“Iki kuwasaning Gusti, akehana anggonmu dedepe
mring Ilahi”

Sepi Nyalawadi

(Pembayan Miji Lestari)

Daksawang kiwa tengen etan kulon
daksawang lapangan, parkiran, dalanan uga taman satleraman
sepi babar blas ora ana sapa-sapa
sepi saksepi-sepine...
sepi nyalawadi

Aku banjur lumaku
nyedhaki lorong-lorong bangunan kantor
kang biyasane rame mahasiswa
padha nunggu kuliah
padha nunggu dosen saperlu bimbingan
utawa padha nunggu kanca
sinambi gegojekan utawa rembugan mring liyan

Ing jaman pandhem
sepining kahanan ing samubarang papan
lumrah ing jaman saiki
sepi...sepi...
pancene sepi saksepi-sepine

New Normal

(Pembayan Miji Lestari)

Padha pating clomet
Langsung kandha
Utawa srana sosial media
Twitter, Instagram, FB, WA
Padha nguda rasa
Babagan new *normal*, padha crita, ngandha
Jare tanggaku, “*new normal* iku apa ta?”
Jare kancaku, “*new* ki anyar, *normal* ki waras utawa ora edan”
Yen digathukna dadi siji *new normal* tegese apa ya?
Ha ha ha ha....banjur padha ngguyu cekakakan

Padha pating clebung
Isih padha udur babagan *new normal*
Marai penasaran pancene
Dakbukak-bukak hape, takon ro mbah gugel
Dakwaca kanthi tliti siji-siji
Pancene bener *new normal* ki kenormalan baru
Istilah ing bisnis ekonomi nuduhake kahanan keuangan
sawise krisis utawa anane pandhemi
Ana uga kang nyebut *new normal* ki donya anyar kang
ngrubah teknologi
Teges liya nyebutake kahanan kang sadurunge ora lumrah
dadi kebiyasaan lumrah
Contho anane pandhemi kabeh dadi sarwa *online* internetan
sing padha makarya
sing padha kuliah sekolah
bebakulan utawa liyane, kabeh online
anane pandhemi ana aturan kudu maskeran
ben ora ketularan anane penyebaran droplet

anane pandhemi ana anjuran kudu jaga jarak
ben ora resiko ketularan mala
anane pandhemi uga ana anjuran sregep cuci tangan
uga nak ra penting rasah lelungan utawa kumpulan
jamane pancen wis bedha
New normal ngono lho
ya ya ya kudu nrima lan isa nampa....

*Tengahing wengi, 10.07.2020

Tambahing Angka

(Pembayan Miji Lestari)

Tambah dina tambahing angka sansaya cetha
yen ta angka iku saya tambah
ya lumrah wae ta, Nduk, Le...
Iha kepiye maneh
kahanan pandemi
pancene marai gregeting ati

Sawangen kae, Nduk, Le...
sadengah papan kebak, apa maneh panggonan piknikan
akeh sing ora maskeran
apa maneh nggagas wijikan

Yen ta angka iku saya ambrah
ya pantas wae ta, Nduk, Le...
Sing daksawang, bab protocol kesehatan
katone kendho, mudhun
Wis dha ra pati nggagas
pikire viruse wis amblas
ngertine corona wis ilang blas

We ladalah kepiye ta, Nduk, Le...
yen ta tambahing angka iku marai ambyar
gek ndang elinga pesene ibu:
“Jaga jarak, maskeran, wisuh tangan, nak ora penting rasah
lelungan alias na ngomah wae”
Pungkasaning upaya, Nduk, Le...
pasrah ing ngarsane Gusti Allah
pasrah total, pasrah sakpasrah-pasrahe

*Semarang, ing tengahing dina

Mantenan Mangsa Pandhemⁱ

(Prembayun Miji Lestari)

Sanadyan mangsa pandemi
mantenan tetep gilir gumanti
Jarene tetep eling mring pesene ibu:
“jaga jarak, maskeran, cuci tangan”
Para tamu kang kaundang, tumeka giliran
Sabé papan panggonan ana ember kang kaisi banyu
Uga ana sabung kanggo wijikan
Meja kursi katata arang-arang
ora kaya biyasane kang katata rapet caket

Mantenan mangsa pandhemi pancene bedha
Ora ana salaman apa maneh ambung-ambungan
sanadyan mbuh lali utawa nglali
tetep wae ana sing meksa salaman

Ya ya ya, ing pangrasa uga bedha
rasane pingin cepet-cepet mulih bali
sanadyan suguhan mbanyu mili
Rasane ora jenjem, ora tenang ketemu jalma pirang-pirang
sanadyan ketemu ngguya-ngguyu ro wang sinawang

*September 2020

Abang Mbranang

(Pembayan Miji Lestari)

Iki cathetan saka warta
kang daktulis gurit sinambi crita
 Saka warta sing daktampa
 prahara corona kawaka netra uga rasa
 nyumebar kabar dhuhkita
 nyumebar kabar wigati sajroning mala

Dhuh Biyung...
katone isih mendhung tumiyung
netesake banyu udan pirang-pirang
katone isih abang mbranang
agawe mobat-mabiting ati
ing mangsa pandemi iki

Menyang ngendi maneh bisaa sambat
nalika ngadhepi abang mbranange lelara
Wis pirang-pirang jalma ngrasakake obat
minangka srana tetampa mugya mala lunga
Ing pungkasaning upaya kang rena-rena
Dakpasrahake mring Gusti Kang Kuwasa

*Klaten, November 2020

Aja Mung...

(Pembayan Miji Lestari)

Aja mung...

anggonmu nanggepi kahanan pandhemi
banjur nyepelakake, jaremu sepele

Aja mung...

anggonmu ngadhepi virus covid iki
banjur ora nggagas babar blas, jaremu ora ganas

Aja mung...

anggonmu nampa mala corona
banjur ora mikir, jaremu ndak marai kentir

Ah, aja mung ta...

aja nggampangake apa dene nglirwaake paugeran
kasarasan

*Klaten, ing pungkasaning November 2020

Donyane Corona

(Pembayan Miji Lestari)

Donyane corona, kaya mangkene kahanane
Jalma padha bingung
 padha wedi
 pating tratap na ati
 durung maneh eluh tumiba
 saben krungu warta
 utawa ndelok crita tumekaning pati marga corona
eluh bening kang tumiba
tumetes saka ing netra
pratandha jiwa raga
ora kuwat utawa nrima
nampa ruweting prahara mala

Donyane corona
katone kaya udan kang durung terang
udane isih deres yen daksawang
angine isih ngawe-awe sajake, ya?
Sinambi thenguk-thenguk ro mikirake
aku terus ngeja tresnane Kang Kuwasa
Sinambi ndedonga mugya donyane corona
enggal sirna, lunga...

Mobat-Mabit

(Pembayan Miji Lestari)

Jamane jaman pacoban
jarene iki kasebut pagebluk
mbuh ora weruh...

Mobat-mabit uriping bebrayan
nalika garising pepesti ginaris tan kaselak
nadyan rasa ora bisa nrima
nanging iki kasunyatan
nadyan jiwa raga tan bisa nampa

Mobat-mabit kahanan saiki
kadya bureming kaca kang nora tau diresiki
sanadyan isih burem, ananging lumebering pandonga mring
Gusti
karendha ing jiwa saben rina wengi

Piye wae kahananing donya iku apik anane
gumantung rasa pangrasa uga panarima kasedya
ya disyukuri wae kanthi sakapik-apike
apa wae kahanane awake dhewe

Nalika Corona

(Pembayan Miji Lestari)

Daktemoni ing kabeh papan blanjan
ngendi-endi kebak
sadawane dalan kang dakliwati
pating bleber kendaraan nggawa gawan
jarene wong-wong: lagi bar mudhun bantuan

Nalika aku arep njupuk dhuwit ing ATM
daksawang wong pirang-pirang lagi ngantri
sadawane antrian kang dakngerten
jarene sing lagi padha ngantri iku
arep njupuk bantuan sing jarene lagi cair
mbuh bantuan apa aku ora ngerti

Sriwing-sriwing keprungu bantuan UMKM,
bantuan lansia, bantuan dampak corona,
bantuan pendidikan, mbuh apa maneh liyane
aku ora pati jelas

Lelakoning Urip

(Pembayan Miji Lestari)

Lelakoning urip maneka warna
bungah susah
sehat lara
sugih mlarat
lelakoning wong ngaurip ing donya
Trus ngapa?
bur pingin crita
menawa saiki lelakoning urip kebak pacoban
iya pacoban pandemi awit covid
trus piye yen mangkene?
ya kudu ikhtiar, nggatekake protokol kesehatan
pasrah ro Gusti Allah, kebak donya panyuwun
mugya lelakon pacoban enggal purna, sirna...

*Semarang, November 2020

Gembreges

(Pembayun Miji Lestari)

Katulis gurit iki ing wayah esuk
nalika surya nora katon ing mega
mendhung tumiyung katon grimis riwis-riwis
ginawa rasa adem njekut
rasane bur kepingin bali turu, krubut slimut
apa maneh awake krasa gembreges
Ning, iku ora daklakoni
awit kelingan gaweyan kang kumlawe ngawe-awe
ya...ya...ya...
sanadyan pating greges
tugas kantor, pagaweyan ngomah
ya kudu tetep jalan
kudu tetep obah sawayah-wayah

Ya...ya...ya, aku ngerti
nalika rasa gemreges iku tandhane awake protes
“lerena sik, istirahat!
ben awake fit maneh.
Ngati-ati iki jamane pandhemi, bla bla bla...”

Wingit

(Pembayan Miji Lestari)

Esuk iki angin sumilir ngademake raga
sabanjure sansaya nggodha
angin sembrhibit
gegodhongan obah liyat-liyut
daksawang angine saya wingit
wit-wit mobat-mabit
wuuss...wuuss...wuuuuuuusssssss....
atiku mengkirik
nalika tetesing banyu udan tumiba
mobat-mabiting angin sansaya nggegla
tambah atis, wingit, sing dakrasa

Esuk kang kababar impen
banjur buyar nalika keprungu warta
ana banjir
lemah longsor
wit-witan uga omah ambruk
Wingiting kahanan
pranyata bisa dadi pepeling
menawa donya sakepyaring netra

Donga Panyuwunku

(Pembayan Miji Lestari)

Donga panyuwunku saben rina wengi
kanthi lelakon kang wus tinakdir arupi pandhemi
mugya ndang ilang, sirna
wes hewesss bablas, purna

Dhuh Gusti...
kelap-keliping kahanan
kaya dene gludhuk petir nyamber-nyember ra karuwan
langite katon isih peteng
kaya dina esuk iki nalika daktulis lelakon, durung padhang
peteng ndedhet, pet tretep, kaya lampu mati
lelakone maneka janglaran corona tumeka
nandhakake Gusti Kang Murbeng Dumadi
ingkang andharbeni Kuwasa ing saendenging donya

*Semarang wayah esuk, November 2020

Positif-Negatif

(Pembayan Miji Lestari)

Saka warta sing daktampa
keprungu kasus positif covid tambah pirang-pirang
jarene mlebu zona abang mbranang
malah ana uga zona ireng geseng
heeeemmm...nggegiris
kasus positif covid kaya dene lesus kang nembus
wuuuuuss...wuuuuuuusssss...wuuuuuuuuusssss...
cepet banget tambahe

Pancene kahanan pandemi iki nyumelangi
sing maune negatif isa dadi positif
sing mulane positif bisa dadi negatif
utawa bisa uga
negatif-negatif
positif-positif

Pancene ndudut rasa
rasa sumelang ing ati,
rasa wedi kang njalari
mlakuning panguripan sarwa ngati-ati
kahanane pancen lagi ngedab-edabi
positif-negatif
negatif-positif
negatif-negatif
positif-positif

*Semarang, November 2020

Rumangsamu

(Pembayan Miji Lestari)

Rumangsamu viruse wis ilang?
Iha kok padha jeng-jeng, jalan-jalan alias jelong-jelong
Rumangsamu viruse wis musna?
Iha kok padha kumpul-kumpul ora jaga jarak
Rumangsamu viruse wis lunga?
Iha kok padha ora maskeran
Rumangsamu viruse wis arang-arang?
Iha kok padha lali mring protocol kesehatan

Rumangsamu sauruting wektu kang lumaku
apa awakmu ngerti kapan viruse iki arep muspra?
 kapan viruse iki sirna?
 kapan viruse iki arep lunga?
 Mbuuuuuuhhhh...
 Aku kowe ora weruh

Percaya

(Pembayun Miji Lestari)

Thole cah bagus anakku...
Ibu percaya ing punjere ati
kowe isa njaga dhiri
ing tengahing pandhem
nadyan ora saben dina ketemu
awit saiki awakmu lagi ngudi ilmu
ning ibu percaya kowe, Le...

Sore iki kahanan mendhung
daksawang liwat kaca jendhela
kahanan peteng
saya surem ngremeng
Aku terus lumaku
ngungak pesenmu kang kokkirim liwat WA-ne bapakmu
Dadi kelingan menawa kowe njaluk kiriman
kiriman panganan, jajanan
Sabar ya Le...
tunggunen kirimane

Dina Iki

(Pembayan Miji Lestari)

Dina iki rame...
ing dalanan kebak kendharaan
war wer war wer
peluk knalpot kemebul
rasane ati miris
kaya dene kairis-iris
andadi tangis

Sapa sing gawe reramen
ing tengahing mangsa kang kebak mala?
Ah, kae sing padha jejingkrakan
rame-rame jare entuk kabegjan
jare sing digadhang-gadhang, menang
jare sing dimpi-impi, jagone dadi

Ya ya ya... bisa dimangerten
manawa kasenengan iku butuh ekspresi
Ning ya, apike ya ngungak kahanan
miyak lakuning panguripan
murih kababar kautaman

*Klaten, 9 Desember 2020 (Nalika Pilkada)

Pesene Ibu

(Pembayan Miji Lestari)

Nduk, Le...
aja bosen ya maskeran
ing sajroning kahanan
nganti swasana aman
Kanthy tekad kang kuwat
mugya dadi dalan
awake dhewe kabeh tetep sehat
Tetep maskeran ya nduk, le...
Aja lali pokoke
Na ngendi wae maskere aja dilalekke

Rapid Test

(Pembayan Miji Lestari)

“sesuk ki ana *rapid test*”

Daksawang maneh layang putih kang kakirim ing hapeku
ceritane entuk undhangan pemeriksaan *rapid test*
sik...sik....!!!

keprungu *rapid test* lha kok rasane kepiye ngunu
rasane nano-nano, campur-campur
jujur, wingi awan tekaning bengi
klisak-klisik, ora isa turu
sakojur awak rasane adhem panas
rasane ati wedi, sumelang,
was-was, uga sithik rasa tenang
“dhuh, sesuk *rapid test*, hasile kepiye ya?”
bayanganku nglambrang

Tekaning titi mangsa
gelem ora gelem *rapid test* kudu daklakoni
tekaning papan panggonan puslakes
kanthi ngucap bismillah
dhuh Gusti...
kula pasrah,
sapasrah-pasrahipun, saking lathi tumusing ati
nyadhong pandonga
nyenyuwun dumateng ngarsa Paduka

Tibaning nampa kasil
deg deg deg serr, rasane atiku
dhuh, negatif, reaktif, apa positif?
Terus terang, tambah sumelang

Dumadakan...

“hasil pemeriksaan panjenengan aman, negatif...”

Byaaaarrrrr....

Rasane plong sanalika

*Semarang, nalika wayah awan

Keprungu Kabarmu

(Pembayan Miji Lestari)

Makratap, makjenggirat!
tenanan aku kaget
krungu kabarmu

Kapan kae jenengan katone sehat
katon bergas, bagas waras
Lha kok dina iki keprungu
panjenengan lumaku
Lumaku bali ing ngarsaning Gusti
Janglaran gerah ing tengahing

pandhemi
Keprungu kabarmu...
rasane kaya
ngimpi
ora percaya
rasaning ati
ning iki nyata
kahanan pandhemi
ngenam mirising ati

Dhuh Gusti...
Ing tengahing rasa wedi
saben rina wengi
andedonga mugya enggal sirna pandhemi iki

Ora Nyangka

(Pembayan Miji Lestari)

Kaya mangkene rasane, ora nyangka
rasane, ora percaya
dakpetik saka critamu kang durung suwe kumlawe
sangertiku, apik sakabehe
ning kepiye maneh
kahanan dadi malih
jerit tetangis dakrungu
luh banjir tumiba ing pipi

Ing dalan panguripan
kang kebak ujian uga kekudangan
ora nyangka yen bakale dadi kaya mangkene
ora nyangka babar blas
lelakoning urip kang ora kaduga

Ing tengahing lingsir wengi
aku mung bisa ndedonga mugya
laramu enggal lunga
Mugi Gusti angijabahi

Mangsa Wingit

(Pembayan Miji Lestari)

Iki kahanan
iki jenenge lelakon
lelakoning urip kang ngumbar wingit
bener pancene..., iki mangsa wingit
kabar pepati kang teka lunga saben dina
cukup dadi pratandha
manawa kahanan iki bedha
bedha, awit mangsa iki kebak mala

Mangsa wingit
kababar, katulis, kapacak, kacarita
ing saben papan panggonan
pancene mangsa iki nggegirisi
menehi pepeling tumraping dhiri
manawa dhiri kakupeng ing pati

Mangsa wingit
kawaca uga mega langit
pancene mangsa iki ndrawasi
menehi pratandha manawa jalma sawayah-wayah bakale bali
bali mring Gusti Kang Murbeng Dumadi

Pepeling

(Prembayun Miji Lestari)

Kaya sewu tahun rasane lelakon pacoban iki
rasane suwe bangeeeet...
kakupeng mring mangsa kang ndrawasi
rasa wedi kang nyawiji ing ati
rasa sumelang kang nganglang
rasa maneka kang karasa jalma
awit tumekaning mala tanpa kanyana

Wolak-walik lelakoning ngaurip
bisa dadi pepeling
Legi paiting kahanan
seneng-pedesing lelakon urip
bisa dadi pepeling
jalma iku titah sawantah
kang kudu nglakoni kersane Gusti Allah

Pratandha kang kababar ing tengahing pacoban
ing sadengah papan panggonan ana gegambaran
sing kena pacoban sansaya ambrah
iki bisa dadi pepeling yen kuwasane Gusti
ora ana sing bisa nandhingi
lelakon iki terus lumaku
lumaku saya adoh, adoooohhh...
mugya lelakon iki kebak hikmah
uga bisa terus dadi pengeling-eling

Jaga Tangga

(Pembayan Miji Lestari)

Rasa asih saya kababar ing mangsa kang ndrawasi
nalika rasa welas angrungkebi saben jalma
padha ambiyantu mring liyan
menehi apa sing diduweni
gotong royong, sayuk guyub rukun
aweh tetulungan lumaku ing bebrayan
jaga tangga...
ya ya ya, jaga tangga...
kabeh mau lumaku merga kahanan

Jaga tangga ngabarake
manawa manungsa iku mbutuhake liyan
Jaga tangga dadi bukti
manawa manungsa iku peduli
Jaga tangga iku dadi seksi
yen ta manungsa iku isih duwe ati

Jaga tangga iku srana nyaketake paseduluran
sanajan dudu sedulur tunggal bapa ibu
ananging tangga iku sing paling cepet lumaku menehi
pitulungan
tangga iku sing paling cepet tumandhang nalika disambati
maneka kahanan

*Semarang, wayah esuk

Wosing Ati

(Pembayan Miji Lestari)

Wedi...

Sumelang...

Pasrah...

Mbuuh ora weruh...

Ora nggagas...

Babar blas...

Maneka warna kang karasa

Atine padha mobat-mabit
jerit saka njeroning ati
sing wis suwe ngrasakake rasa
rasa sing saya suwe mbanget ing ati

Saben dina ana tangis
saka kulawarga kang kelangan
amarga lelara kang ngedab-edabi
mosak-masiking ati
tambah kruntelan
nampa kahanan kang ginaris

Sawangen! Sawangen!
nalika tekaning pati
jalma kang nandhang lelara ing pandhemi
akeh sing dikubur ora kaya padhatan
ya awit dimakamake tim medis mawa protokol kesehatan
kulawarga among bisa nyawang
saka njaban pasarean utawa saka kadohan

Wosing ati njerit
saknjerit-njerite
manungsa among bisa sambat mring Gusti
kanthi ngakehi donga sarta upaya

*Semarang, wayah esuk

Ambyar

(Pembayan Miji Lestari)

Dakgambarake kahanan pandhemi iki
bebasan kaya barang kang ambyar
ambyar...ambyar temenan
anut lakuning kondhisi kang dumadi
tambahing jalma kang kena mala
lha kok saya ndadi
ambrah, tambahing pirang-pirang
embuh merga apa
aku ora pati weruh
apa merga akeh sing nglanggar paugeran?
apa merga akeh sing ngeyelan, ora gelem maskeran?
apa merga akeh sing ora pathi nggagas protokol kasarasan?

Jiaaaaannnnn...
Jiiiiiaaaaaannnn.....
ambyaaaaar...ambyaaaarrrrr...
kepiye ngene iki...
wiiiss jiaannn angeeelll...
angeeeeellll kandhanane

Lakoning kahanan kang lumaku
pancene manut karepe dhalang
ya dhalangku uga dhalangmu
dhalang panguripan yaiku Gusti
Gusti Kang Murbeng Dumadi
Amrih ora tambah ambyar
Ayo ta, mring sapa wae
Aja ngeyelan,
patuhi protokol kasarasan
ana ing kahanan kang sarwa kebak pacoban

Dongane Wong Sadonya

(Pembayan Miji Lestari)

Petenging kahanan amarga corona isih karasa
ing sakupenging jagad raya
lelakon kang dadi crita
dadi lakuning urip kabeh jalma
pancene mbabar rasa kang bedha-bedha
rasa wedi, sumelang, nelangsa, sengsara, narima, uga liya-liya
amung bisa pasrah saha sabar narima

Dhuh Gusti...

Manungsa naming saged anglampahi
madhep mantep ngupaya saha ndedonga
anampi cecoba kang tumeka
donga kang kababar ing tengahing prahara
dongane wong sadonya
dedonga kanthi prasaja

Dhuh Gusti...

Dongane wong sadonya: mugya mala enggal sirna
mugya prahara enggal lunga
mugya pandhemi enggal purna
mugya corona sumingkir saka jagad raya

Edan Tanduran

(Prembayun Miji Lestari)

Sapa sing bisa ngalang-ngalangi
menawa ati gandrung wuyung
ing tengahing mangsa pandhem
padha kedanan tanduran kembang

Nadyan kembang regane larang
tetep wae padha digoleki
jare nggo panglipuring ati
bisa kanggo pepadhang mring sing nyawang

Sapa sing bisa menggak kekarepan
nalika padha edan tetanduran
tanduran kembang kayata:
variegata, calathea, aglonema, lidah mertua hoyo, begonia,
monstera,
caladium, anthurium, kaktus, janda bolong, philodendron,
pakis-pakisan, uga jinising liyan
saka kahanan pandhem ini, sing akeh digoleki pancene
bungahing ati
kanggo nyembadani ora nggagas laranging rega, ora perduli

Kapan Rampunge?

(Prembayun Miji Lestari)

Kahanan pandhemi kang saya ndadi
ndudut maneka rasa ing pucuking ati
molak-maliking ati kang karasa
wis suwe anggone dhewe ngupakara
jiwa raga supaya nora ngambra-ambra

Kapan rampunge memala iki?
pitakon kang nora isa diwangsuli
awit jalma ora ngerti kapan Gusti amungkasi
Kapan rampunge mala iki?
amung tangisan kang dadi jawaban
tumetesing luh kang ngebaki pipi dadi wangsulan

Wengi kang kinudang sepi
dadi seksi sejarahing panguripan
dadi seksi ananing kasunyatan
mega putih ing lingsiring wengi
rinonce jagad kawuri kang jinanji
apa wae kang dumadi kasunyatan jati
menehi pepeling mring panguwasane Gusti

Vaksin

(Pembayan Miji Lestari)

Barang kang dadi kembang lambe
jaman saiki, iya lagi viral iki
barang kang dadi uni
awit iki bab wigati
wigati apa ta iki?
v-a-k-s-i-n
vaksin...iya vaksin
jinising maneka warna
ana astrazeneca, sinopharm, moderna
Pfizer biontech, sinovac, novavax
jarene iku tetamba
supaya kebal mala

Ana ing kahanan kang sarwa ora mesthi
kahanan kang kerasa kebak wedi
kahanan kang kerasa mbebayani
kahanan kang kerasa ngeri
kahanan kang isa dadi dalaning pati

Kuwi Jenenge Corona, Le...

(Ermi Dyah Kurnia)

Jaman taun kembar iki, Le...

Ana makhluke Gusti Allah..

Jare jenenge Corona...

Sumebar ing bumine Gusti Allah...

Nggawe manungsa sapa wae sing ketemu Corona...

Bakal isa tinemu patine

Lha apa to kuwi Corona..

Kuwi lho sing nggawe menungsa kudu eling Gustine

Kuwi lho sing nggawe negara adi kuwasa padha bingung

Kuwi lho sing nggawe menungsa kudu resikan

Kuwi lho sing nggawe menungsa kudu ngrumat lingkungan

Kuwi lho sing nggawe menungsa kudu njaga marang liyan

Kuwi lho sing nggawe menungsa kudu pinter olah pikire

Lha kok ngono??

Lha iya to, Le...

Wong ing taun kembar iki kabeh sarwa beda adate manungsa

kok...

Sarwa beda anggone srawung

Sarwa beda anggone makarya

Sarwa beda anggone nglakoni urip

Sarwa beda sakabehe...

Rasa Pangrasta

(Ermí Dyah Kurnia)

Manungsa kuwi yen lantip rasa pangrasane...

Bakal urip mulya

Dhuwur drajate

Akeh rejekine

Ora ana kok...

Wong sing nduweni rasa pangrasta

Bakal sengsara...

Ora..

Mula kuwi..

Lantipana rasa pangrasamu...

Marang liyan

Marang sasama

Urip gur mampir ngombe wae kok luuurr...

Janjine Awak

(Ermi Dyah Kurnia)

Rikala ruh tinibakna ing raga
Awak iki wis duwe janji
Janji marang alam sawegung
Janji marang alam alit
Nalika wis neng dunya...
Kepiye janji kuwi?
Lha awakmu dhewe sing isa ngerti, to
Apa gur janji kanggo dunya wae
Apa gur janji kanggo akhirat wae
Apa janji loro-lorone?
Embuhan ya...
Manungsa kuwi panggonane luput...
Panggonane kadonyan
Mula iku..
Dielingke ya...
Manungsa duwe janji
Janji awak sing kudu diugemi
Ben Gusti ora duka...
Maringi pageblug ing taun kembar iki...
.....Corona.....

Konspirasi Corona

(Ermí Dyah Kurnia)

Kaya sing wis tinakdir
Merga anane rahmate Gusti Allah
Kang awujud barang lembut iki
Lembut nir katon
Ya pancer akhire dadi lelembut..
dadi memedi kanggo wong sakdonya

Kabeh padha grobyahan
Pontang panting manungsa
golek sumber mapane barang iki
Padha gelut !!!!!
Padha duding dinuding
Mesti iki garapane manungsa
Eh....Manungsa sing ora duwe ati
Manungsa kang kasaput mega mendhung
Nutupi atine

Mesti iki gaweane kono
Disauri....saur-sauran!!!
Ora ya....!!!
Kowe mesti!!!
Wah, dudu dheweke...
Mesti kowe ya!!!
Ora..
Kowe lho ya...
Mosok???

Tenane....???

Lha aku wong ngerti HAM kok
Alaahhh...mesti kowe!!!

Ketoke dheweke...iya...dheweke..!!!

Kowe ora balaku...

Kowe mesti sing nggawe..!!!

Bubaarrrrr..!!!!!!!!!!!!!!

Pancen menungsa nek wis lali janji awak...

Ya kaya ngene iki..

Lali marang sing nggawe urip...

Pungkasane gur nggawe konspirasi!!!!

Bulan Sigar

(Ermí Dyah Kurnia)

Jane sing remuk-remukan iki neng bumi ...

Neng sing dadi sigar kok rembulane...

Lhoooooooooooooo...

Delengen kae...

Bulane sigar lho...

Nangisi simboke sing karut-karutan ora ana rampunge

Manungsane sansaya ndadi

ora duwe rasa pangrasa marang liyan

Ora duwe welas asih marang manungsa

Lho..

Lhoo...

Lhooo....

Lhoooo...

...

Menenga sik...

Kae lho neng kono padha tangisan getih...

Iku lho neng kana padha rebutan balung...

Makane to..

Bulane sigar...

Nangis weruh simboke...

Yaiku bumi...

Saya suwe saya abot sanggane...

Kabotan manungsa kang ora duwe ati

Matur Nuwun

(Ermi Dyah Kurnia)

Matur nuwun...

Katur:

Panjenengan ingkang
sampun paring donga
sampun paring dhahar
sampun paring uluk salam
sampun paring pepadhang
sampun paring tandha
sampun paring welas
sampun paring asih
sampun paring lila
sampun paring esem

kangge:

sedaya ingkang
tansah nandang awratipun gesang...
tansah mubra mubru oyok-oyokan...
tansah oyak-oyakan...
tansah diubeti petenging ati

Mugia dipunparangi pepadhang Gusti Allah
ingkang murbeng dumadi
aamiin...

Ngangsu Kawruh Model Corona

(Ermí Dyah Kurnia)

Episode 1:

Si Nok, Si Nang...

Saiki kudu ngene ya...

Nganggo masker...

Nek isa didobeli nganggo tameng rai saka plastik kae...

Asring wisuh ya..

Sing resik wisuhe...nganggo sabun...

Kae ana carane wisuh sing bener...

Digatekke...diprakteke ya...

aja cedhak-cedhak lungguhe karo kancane..

Ora jawil-jawilan, apa meneh rangkul-rangkulan...

Ha...ha...ha...

Episode 2:

Terus iki sinaune neng omah wae...

Mirengke bu guru lho...

Lho..lho..lho...

Bu guru boten wonten...lha niki pripun...

Laahh..bu guru ya neng daleme dhewe to yaaa....

Si Nok karo si Nang ya neng omahe dhewe-dhewe...

Kabeh lumantar daring...

Daring lho ya..dudu jaring...

Tuku kuota sing akeh sik...

Episode 3:

Tugase mengko dikirim WA ya...aja telat...

Saben dina pe er buuuu...paaakkkk....

Ya gak apa-apa...

Nek Corona ngene iki kabeh ya kudu nut jaman kelakone to...

Wis ya...

Gek sinau meneh ben pinter...

Ben ora keblinger...

Urip Model Corona

(Ermí Dyah Kurnia)

Daring
Masker
Jaringan
Tuku kuota
Sregep wisuh
Ra ana konsumsi
Nganggo smartphone
Ora ana penonton studio
Ora ana rekaman neng studio
Tuku mangan nganggo aplikasi wae
Bayar sekolah ana sing gratis, separeo, lan full
Tuku klambi gur pesen neng onlen banjur transfer
Mall-mall dadi sepi, akeh sing nganggur, bingung carane urip
Saiki ngrekadaya mergawe onlen, sekolah onlen, kabeh-kabeh
onlen

Muga-muga ngibadah ya ora onlen

Mengeti Kamardikan RI

(Ermi Dyah Kurnia)

Indonesia wis 75 taun...ing taun kembar iki

Lagi taun iki carane mengeti rada beda...

Ora kaya adate..

Ora kaya umume

Kabeh-kabeh sarwa samadya

Ya tirakatane,

Ya upacarane

Ya petugase,

Ya panyartane

Ya ubarampene...

Ora ana arak-arakan

Sing gawe seneng warga pinggiran ing nuswantara

Ora ana karnaval

Sing gawe regeng saben panggonan ing Indonesia

Ora ana lelumban

Sing gawe seneng bocah-bocah ing bumi pertiwi

Pancen kabeh-kabeh padha beda...

Nanging rasa nasionalisme ing dhadha iki ora bisa beda

Dongane tetep padha...

Indonesia tansah dadi negara maju lan kawentar

Indonesia dadi tanah kang subur makmur lan ijo royo-royo

Indonesia tansah pinaringan rahmat berkahipun Gusti Allah

Indonesia tansah dadi bangsa kang pinunjul lan bakoh

Merga kamardikan iki larang regane

Kang kudu jinaga lair batin salawase...

Donga Sibu

(Ermie Dyah Kurnia)

Ngger, anakku lanang cah bagus...

Sibu ora bisa menehi apa-apa marang awakmu, Ngger cah bagus...

Sibu amung njurung donga saben-saben...

Kuwi tandha tresna sibu marang awakmu

....

Mugia tansah mulya donya akhirat

Drajat dhuwur uripmu

Dadi manungsa kang pinunjul

Tansah pinaringan berkah rahmate Gusti Allah

Ngrasukake samubarang piwulang agama marang uripmu

Soleh ya Ngger cah bagus...

....

Sakabehing lelakon ing donya iki ora bakal nggumuni lan gawe lena

Yen awakmu tansah eling marang sing nggawe urip

Dudu Sing Ungu

(Ucik Fuadhiyah)

Esuk iki sliramu teka kanthi maneka warna ing polatan
Nyangking kiwa tengen tansah mbendhoyot kabotan gawan
Kebak ing warna: abang, ijo, lan sing putih kaya awan
Nanging, saka panyawangku kuwi wis dudu sliramu, iya, dudu
sliramu
Dudu sliramu sing biyen dakantu kanthi warna ungu
Prasasat, ana taman liya kang nunggu tekamu

29.08.2020

Nggendhong Mbopong

(Ucik Fuadhiyah)

Saben weruh kudu mlayu
kudu melu
Saben weruh kudu ngglendhot
kudu nemplok
Saben wengi kudu ngak-ngek
kudu melek
Hla iya, kapan maneh, ta, Yung, Biyung
Saben-saben rina wis koktinggal, kok
Ya, saben weruh kudu dakgondheli
Ndongeng, nggendhong, mbopong
Kaya adat sabene wong momong
“Yung, Biyung, ana njaba kana wong-wong lagi padha
rembugan apa? Kok sajak gayeng”
“Mbook aku didongengi, ben melu seneng”

*Gang Kemuning, 25 Agustus 2020

Wektu

(Ucik Fuadhiyah)

Kanggomu kang tansah lumaku ing saben wektu
wektu kang rinasa rikat lan singkat
prasasat nembe wingi esuk, Ndhuk
dakpakpungi, dakbedhong, dakgendhong
Saben-saben mlebu senthong kaya ana sing bolong sajroning
ati, ana sing ilang
nanging bismillah kanthi niyat ikhlas
kuwi kabeh dadya donga kang tan kendhat angiringi
ikhtiar mu nyinaoni samubarang

Kanggoku pesantren dudu bengkel reparasi apadene sekolah
militer
pesantren mono minangka partner
partner njaga lan nggekulang
Mugi Gusti Allah tansah paring gangsar lancar
anggonmu nggolek sangu ngudi ilmu.
Aamiin.

Dhondhong Tanpa Dhuku Cilik

(Ucik Fuadhiyah)

Dhondhong apa salak,
dhondhonge cilik-cilik
Ngandhong apa mbecak,
gendhongan luwih asyik

Isih ana sing mecah dhondhong nganggo cara dicepitake
lawang?

Ora ana? Banjur kanthi cara apa? Manual apa digital?
Kabeh cara prayoga, sing penting ora kriminal

Putu Ayu Lan Ondhe-Ondhe

(Ucik Fuadhiyah)

Putu ayu lawane ondhe-ondhe
Dicuwil sithik dibagi-bagi ro kadang mitrane
Ayu ayu gelungan nganggo kondhe
Dijawil serik dikandhani saya abang netrane

Esuk daring sore ya daring
Aja lali wedangan uga nyamikane
Biyen gering saiki ya gering
Tan bisa lali kelangan kekudangane

Sirnane Bebendu

(Nur Hanifah Insani)

Amyar atiningsun

Kepengin weruh nanging tan ginayuh

Tresna kang kayungyun

Katungkul reribeding bebendu

Dhuh biyung...

Piwelingmu kang satuhu

Tumancep sajroning kalbu

Aja seneng angluh

Aja cepak nepsu

Jare wong sabar bakal subur

Nandura sabar mungguh tumekaning makmur

-NHI-

Papa

(Nur Hanifah Insani)

Buk, pengin maem...
sik ya le, segane durung mateng
Buk, maem...
sik ya le, jebul gas e entek
sedhela tunggunen, tak ngampil budhe
saiki bobok dhisik wae
mengko tak gugah nak wis mateng
tenan lo buk, ngelih banget

Ealah le, ngertia kahanan kok sansaya susah kaya ngene
mung gawe mangan wae susah temen
dhasar wong cilik papa bisane mung sareh
njerit sajroning batin kang dak lakokake
arep ngupayaa yen durung tekan dalane
ya bakal padha wae
lemes

-NHI-

Langgar Suwung

(Nur Hanifah Insani)

Sore tanpa swara
bathara angslup tanpa pangiring
iya wus pirang-pirang wektu iki
langgar-langgar katon sepi
ramening swara bocah wus suwe ra keprungu
aja maneh nang pasar, nang langgar wae nora wani
pageblug iki pancen katon medeni
tan ana wong kang ngerti
sapa waras sapa lara
mula ora madio yen pancen padha kewedan

Bingung... iya sarwa bingung
apa sing kudu dilakoni
endi sing kudu ditandangi
dedongan lan nuhoni
mituhu karo sing bisa dituhoni
madhep mantep yakin
pageblug iki bakal sirna
mungguh ramening langgar-langgar suwung

-NHI-

Lawe Rinonce

(Nur Hanifah Insani)

Ronce-ronce melati benange lawe
jer ana reroncen dislampirke
ing tandhu kang manungsa dadi sikile
ya ing kono ana layon kang bakal disareke
mung kuwi biyen

Yen saiki durung pesthine
lawe dadi pratandhane
adat kang melu owahe
ywa nora tanpa sebab
corona pancen dadi jalarane

Yen pejah merga kena corona
perih kang dadi rasane
saka lara tekan patine iya mung dhewe
tanpa sanak kadang
tanpa reroncening lawe
sing mati banjur wis ra kelaran
sing urip bakal nandang getun kang tan kinira

-NHI-

Lawang Kekuncen

(Nur Hanifah Insani)

Thok... thok... thok...

Bu, thole mulih...

Pak, bapak teng dalem boten?

Nyuwun tulung dibukake lawangipun nggih

Ibu... bapak..

Kok boten dibukake lawang ta?

Niki kula anake ibu bapak lo...

Masa boten pareng mlebet?

Boten mesake napa?

Ibu... bapak...

Ampun mendel mawon ta

Ampun keweden ngaten

Buk, Pak....

Le, aja mlebu ngomah sik saiki!

Mara nang bale desa wae

Turu kono sik saiki!

Ibu bapak wis tuwa

Apa ora mesake bapak ibu nak kena corona ta?

Wong tuwa ringkikh ngene gampang kena penyakit

Nak wis ketaman sapa sing getun coba?

Lak ming kowe dhewe ta?

Kono aja mulih ngomah dhisik!

Manuta aturane pemerintah!

Mengko nak wis cetha resik lagi muliha

Gage lungaal!

-NHI-

Surem

(Nur Hanifah Insani)

Pasar ilang kumandhange
Dalan-dalan sepi
Desa-desa nyenyet
Tan ana bedane siyang ratri
Kabeh mung sarwa meneng
Arep metu jirih
Ora metu bakal keluwen
Bingung pikir iki
Kahanan kok kaya mangkene
Lagi iki salawase urip
Weruh bebendu kang nora ngerti kapan tekane
Kapan lungane uga ora disumurupi
Pacoban kang nyata anane
Nggaret sajroning ati
Ninggal tatu salawase

-NHI-

Pangupajiwa

(Nur Hanifah Insani)

Pak, ora mangkat nyambut gawe?
susune bocah wis entek
berase mung cukup kanggo dina iki wae
mung ana lawuh tempe bacem
dhuwit nggo nyambung urip ya mung semene
limang ewu rupiyah cacahe
arep utang tangga isin rasane
wus kakehan utang awake dhewe
bantuan saka pamarentah uga ra bisa dijagake
mbuh kapan medhune
dhasar dhewe wong kere
kahanan sing ora cetha kaya ngene
nambah-nambahi susah wae
gaweyan kasigeg
kepara malah diomah-omahake
jer wong cilik tan duwe kaprigelan liyane
bisane ya mung njagakake ndog blorok sing tan cetha
pametune
ealah, pancen iki sing jenenge wong apes
mobah mosik kejegal kang dadi pepesthene,
sang hyang widhi, kang kudu ditrimakake
dhuh pangupajiwaku sakabehe
maraa tanpa bot sesisih
aku isih pengin urip
anakku butuh panguripan kang samestine

-NHI-

Mbukak Nalar

(Nur Hanifah Insani)

Donyane owah
kabeh sarwa owah
adat saben uga owah
kaget aku!
dudu mung kowe,
aku, dheke, kabeh wong padha kaget
ora dosa tur ora ana sing perlu disalahke
kabeh iki pancen lelakon kang kudu dilakoni
jer kahanan kang owah iki
sejatine kanggo mbukak nalaring pikir
yen kabeh sing ana ning donya bakal kena owah-owahaning
jaman
yen ora saiki ya besuk
kabeh mung nunggu wektu
ora ana kang abadi
cupeting pikir bakal nyupetake ati
jembarana pikirmu murih tentreming ati

-NHI-

Kangen Sekolah

(Nur Hanifah Insani)

Buk, kapan aku sekolah?
Buk, aku wis kangen karo kanca-kancaku
Buk, aku pengin diwarahi bu guru wae anggone sinau
Aku ora mudheng diwarahi bapak
Buk, mbok matur bu guru kareben cepet bisa mlebu sekolah to

Sabar le, sing sabar
Bu guru karo pak guru ya mesti wis kangen karo kowe
wis kepengin mulang ana kelas
nyawang murid-muride sing ayu lan bagus
krungu guyonane kowe karo kanca-kancamu
mung saiki kowe isih kudu sabar
saiki lagi wayahe sinau saka ngomah
akeh sing bisa disinau
ora mung etung-etungan
ora mung pelajaran sing ana ing buku teks
mung ana ngelmu sing luwuh dhuwur saka kuwi kabeh
jenenge ngelmune urip
ngelmu sejati kang bakal tinemu merga ditindakake
dadi ora perlu sumelang
senajan sinau ana ngomah
merga sekolah lan omah kuwi hakikate padha
padha-padha papan kang bisa kanggo sarana nggolek ngelmu
ngelmuning urip kang larang regane

-NHI-

Ajar Ndhingkluk

(Nur Hanifah Insani)

Tangi, turu, madhang
adus, nggarap tugas, dolan
saiki kuwi pakulinanku
meh saben dina
kadhang bosen kadhang ora
wis ra tak gagas banget-banget
kahanan kang njalari aku ora bisa sinau ana ing kelas

jare ibuk aku kudu tansah syukur
saiki gusti wis paring wektu akeh kanggo cedhak keluarga
biyen pas aku sekolah, njaluk prei wae
saiki wis keturutan diwenehi prei akeh ya kudu disukuri
jebul pancen manungsa kuwi kakehan sambat
isih kurang akeh syukure
isih durung bisa leren anggone sambat
sithik-sithik sambat
ngrasa dadi wong sing paling sengsara
ya ngono kuwi jare ibu yen gulune ndangak ora bisa
ndhingkluk
mula yen pengin uripe seneng diakehi ndhingkluk
tur ya bener omongane ibuk
yen ra ngandel rasakna dhewe

Corona

(Sri Prastiti Kusuma Anggraeni)

Angin teka nyangking warta.
Wartane sedulur ndonya
Kebak panandhang lan sungkawa
"Corona" sansaya ndadra.
Ngambra ambra.
Saindhenging ndonya
Dhuh Gusti enggal paringa pangapura.
"Corona" musna saka Nusantara.

"Corona" durung lunga
Isih katrem ing Nusantara.
Eguh Pratikel ingupaya
Durung bisa nundhung lunga
Corona sanja mrana mana.
Ngubengi jagad raya
Nyebar lara
Gawe sengsara.

Jagad raya wis rinipta
Tinakdir dening kang kuasa.
Corona teka ora mung sanja.
Nanging aweh pratandha.
Mburat kahanan donya.
Naker kawicaksanan.
Neter kawaskithan
Eling lan Waspada
Ukara kang pantes rinipta.
Mungguhing Corona kang saba.

Eling

(Sri Prastiti Kusuma Anggraeni)

1.

NALIKA KAPANG NGGILUT RASA
GETER MANAH TAN KUWAWA
NYANDHET PENGET
OMBYAKING SWASANA
AMUNG SABAR LAN DONGA
KANG BISA NENTREMKE RASA
KABEH WIS TINATA GUSTI KANG KUASA
NANDHANG RASA
NANDHING SARIRA
NGRUKTI RAGA
MBRASTHA MEMALA
CORONA Gawe PRAHARA
HOREG SAINDHENGING NUSWANTARA

2.

GUSTI PARING PEPENGET
LUMANTAR HOREGING DONYA
CORONA PINERCAYA
MBUKAK ATI LAN RASA
NETER HAWA ANGKARA
NITIK WIJI PINESTHI
NYAWIJI BALI DUKING UNI
ELING WASPADA
TRESNA MRING SESAMI
NGRUKTI JAGAD RAYA
BEKTI MRING GUSTINIRA

(Senthonge Simbok, Mediojuni 2020)

Alus

(Mujimin)

Jenggerenge arga jugrug klawan atosing tosan
Tosan lebur dening panasing latu
Latu lerem adheming tirta
Titra musna kasemp yok samirana

Njenggereng
Atos
Nggegirisi
Alus

Drajad kang dhuwur
Bandha pindha sumur
Rupa kang misuwur
Kabeh bisa ajur
Dening titah kang tan kasat netra

Sambat

(Mujimin)

Pangreh praja sambat

Kawula sambat

Sodagar sambat

Siswa sambat

Guru sambat

Wongcilik ya sambat

Kabeh sambat

Jare winasis yen kakehan angluh

Manggalaning raga ora pengkuh

Temah raga dadi ringkih

Lelara teka ra gelem mulih

Rasakna suwalike

Batih brayat tansah sumandhing

Ngibadah dawa wektune

Katam kitab makaping-kaping

Empon-empon digoleksi

Pala kesimpar digandrungi

Pala kependhem dikaremi

Mobah mosik kaati-ati

Menawa

(Mujimin)

Titah Paduka tan bisa sinawang
Titah Paduka tan winilang
Titah Paduka gawe horege kahanan
Titah paduka sinirik tiyang

Apa iki pacoban
Apa iki bebendu
Apa ini kamurkan
Apa iki ukuman

Sangertiku.....
Kabeh kang tinitah
Kabeh kang gumelar
Kabeh kang cinipta
Kabeh kang kalakon
Kebak piguna

Mbok menawa
Mripat iki durung bisa nyawang
Tangan durung bisa nggrayang
Talingan durung bisa nyemak
Irung durung bisa ngganda
Ilat durung bisa ngrasa
Nalar durung bisa nampa
Ati isih katutup ing rana

Seda

(Mujimin)

Seda ... kacilakan

Seda ... lindhu

Seda ... banjir

Seda ... diperjaya

Seda ... paprangan

Seda ... gagal ginjal

Seda ... jantung coroner

Seda ... kanker

Seda ... hipertensi

Seda ... COVID

Bayi ... seda

Bocah ...seda

Taruna ... seda

Gagah ... seda

Ayu ... seda

Tuwa ...seda

Akeh sing ngira

Kabeh mau kang njalari

Kamangka wis tekan pesthi

Sigeging rejeki

Pupuh Dhandhanggendhis

(Didik Supriadi)

kabar kawit katamaning sakit
olah srana bubrah bangsa cina
remuk-remeg kahanane
obah wae ra sanggup
nadyan aneng nagara gedhi
apa maneh lelungan
paran lan dedunung
uga kandheg tan tinampa
siya-siya siningkir amarga wedi
ana aran corona

kena lara kena ing pepati
ontran-ontran warta kang sumebar
ruhara wus dadi gedhe
omah-omah ditutup
nora manut diukum genti
asmane paprintahan
sithik-sithik ukum
akeh kang padha kataman
bathang-bathang gumlethak ing margi-margi
arum gandane warta

kang sumawur aneng paran ngendi
ora ngemung layon uga layang
riwe riwis sekarane
obor-obor dikubur
nungkak krama diukum genti
adile pengadilan
singa wae gugur

esthine murih raharja
pati-layu surud suda malah kalis
ingajab pulihira

kadhung bubrah swasana nagari
ombyak-ombyak ing nagara liya
rumasuk dharatan kene
osak asik esak suk
ninggal bangka kapane akir
ana ing Nusantara
rejeb mangsa iku
ingaran mangsa sengkala
sirna panembah suwunging siyang-ratri
isine mung kadonyan

Mondhasi, 3 Maret 2020

Gula Geseng

(Didik Supriadi)

saben mangsa anane mung wedi
wedi marang kenane aradan
aranan kiwa-tengene
tengene kena kubur
kuburane sandhang lan takir
takir pepinjung sangsara
sangsara ra urus
urus-urus kena lara
lara-pati ora bisa pilih-pilih
pilih panggah sengara

sengara urip kabanda tali
tali tuli linilit dawane awak
awak kawak dadi kere
kere amarga nganggur
nganggur ngowoh ngakire kenthir
kenthir krana kapiran
kapiran tinuduh
tinuduh ing kene-kana
kana kena kene kena lan infeksi
infeksi apa jana

jana ngono aja diwedeni
diwedeni gur dadi memedyan
memedyane wong cepethe
cepethe mungguh kawruh
kawruh cupet cepet nenampi
nenampi kabeh kabar
kabar kibir kabur

kabur-kabur durung cetha
cetha-cetha cinanthes dadi prakawis
prakawis saben mangsa

Pondhasi, 3 Maret 2020

Dhandhang Ngorek

(Didik Supriadi)

manuk dhandhang mencok samba dhidhis
ulat-ulat bathang kang kumledhang
jrebabah kurusetrane
bandhayuda kang rubuh
nilasake tatu lan mayit
panjrite peksi gagak
wiwit ambeburu
marang layon kang kaliyan
dening warga wigah wigih ra ngakoni
amblasah raganira

dudu nistha pepatining jurit
kang wus dadya rajeging bawana
mungguh merga negarane
nanging beda yen surud
kena satru aran panyakit
jare weton anyar nyar
weton iki taun
yen wus katitik kepapar
nyawa ilang kena wirang ra ngajeni
pitung dina dijarna

tanpa donga tahlih tangga-tanggi
sing tetanggan dadi rada beda
heh mesakke nak bojone
batin wus ajur mumur
gela-gela samargi margi
kelangan kang sutresna
lan uga tinudhuh

yen bisa aja dha tega
siya-siya nyungkrih-nyungkrih moh-ngemohi
manuk dhandhang wus ngganda

Kampung Watusari, 10 Maret 2020

Bawa Kembang Kacang

(Didik Supriadi)

jenang gula lali marang adil
jenang sela dhapur kurang bandha
jenang wong tinjo rasane
jenang ketan tinutu
sajadahe mung kanggo dhingklik
jenang sundha jaadol
jati dhiri luhur
lali adil marga bandha
becik nulad rasa nembah marang Gusti
mrengut tan dha pitaya
sekar pandhan mundhak kena sisip
sekar krambil ngalanggar tatanan
sekar kencur pancal wae
mbang gedhang sarwa nuntut
merga ngeleh dibanda adil
lan uga pangadilan
sregep suka ukum
karana nrabas aturan
warna warni anyar kabeh gonta-ganti
mbesenguti kahanan

UKMKJ, 10 Maret 2020

Bawa Langgam Durung Dadi

(Didik Supriadi)

sepi sepi sepi sepi sepi
ilang ilang ilang ilang ilang
kere kere kere kere
wurung wurung wurung wu
rungrumi rungrumi rungrumi
konangan konangan konang
ngantup ngantup ngantup
sujana sujana suja
nata ati nata ati nata ati
ajur ajur ajur a

Pakintelan, 10 Maret 2020

Dhandang Goling Kasaput Swarane Maling

(Didik Supriadi)

ana maling mlebu ngomah iki
ana ngomah kebak wong sakraman
ana wong wargane dhewe
malinge blusak-blusuk
omahe kang karasa sepi
wonge kok malah munggah
wedi maling iku
wedi omah yen dha ilang
wedi wong kang munggah tekan dhipan dhingklik
omah wong kemalingan

maling dadi warga ngomah iki
wong neng omah malah padha lunga
omah sepi ra na wonge
malinge thingak-thinguk
wong neng dhuwur dha bisik-bisik
omah malah dibukak
maling mlaku metu
wong sing wedi padha sambat
“adhuh si mbok kena maling dandang goling
ra mangan teka kapan?”

hawa sepi wangun kanggo maling
aneng ngomah isine milyatan
wonge utang paman gedhe
jarene arep mantu
busanane pesenan ikrik
wujude kaya ninja
kabeh sarwa tutup

sugatane warna warna
kabeh mau wis dituku karo maling
wong sakomah sih gawang

piya piye arep piye iki
apa sida manteb yen borongan
pesen karo mas malinge
lik omah njur celathu
mring pak omah sing ndhredheg wedi
“kang kowe apa edan
ora eling dulur
kurban sengsara taunan
nanggung utang milyatan mung kanggo maling”
wong omah ra wangsulan

Watusari, 10 Maret 2020

Dhandhanggula Saka Manca

(Didik Supriadi)

lagune over and over again
laras agung ing manca nagara
diatonis doremi-nem
fa solah bawa rungrum
ngelingana lakon kawuri
nitih sekar witing nangka
angop tanpa lindur
tekan ana ing cakepan
from the heat of night to the break of day akir
pangangen tambah mlayang

when I'm without you you're stuck on my mind
tangis ndadra kaya tuk benawa
curug sewu curug lawe
sumber-sumbere agung
pakartine kinarya suci
asih tresna paraning tyas
bandhane esemu
putih memplak lir cempaka
pepasrene lawan sira adon asih
ing jagad pasulayan

ora ana sing bisa ngalangi
marga iki ngancik mangsa sangga
nawa wagra lapa lungse
kana aradan bingung
nenggak sari-sari maoni
pait manis madu rasa
ra bisa tinemu

pada iki wujud candra
marang laku lelakon titah kang lali
urip neng paran warga

Watusari, 21 Maret 2020

*Manis Rengga Asih Tresna Sri
Panganten Kang Wus
Kapanggihaken Ing Adat Lupiya*
(Didik Supriadi)

beja bejan penganten kekalih
sida krama ing sasi sengkala
warta kondhang ra digaple
semune matek suwuk
mantram sekti sabda panganti
hong kosong honge gowang
ilaheng ilahu
sida rabi sida krama
slamet slamet kersane Gusti Ilahi
mantrame ditamakna

prepet-prepet plataran resepsi
riwis-riwis grimis tanpa sela
bobor kabeh kateringe
ora ana sing nginguk
apa maneh kober nyalami
kabeh sambat ra doyan
mangan virus-virus
penganten lanang ra tampa
penganten wedok enggala cincing-cincing
menehi tamba lara

tamba teka sirnane penyakit
“iki loh mas, untal sanalika
pil kondhang, jare bakule!

marakke suda rungu
utamane, kabar sing mlintir
muntir dadi dagangan
bathine mblegedhu”
mas panganten gyo turonan
sinikep dening mbak manten dirungkebi
dicangap dilebokna

“adhuh si mbok kok rasane amis!”
bentayangan sing jalu ra kuwat
banjur mandheg pakaryane
jane ra milih nganggur
nanging kojur sing dilereni
katitik kena obat
uga tensi dhuwur
kembang kempis megap-megap
mesthi ngono kepapar nularke pati
sidane ora mangan

biyen mula uwis takkandhani
bebojoan dudu marga bandha
rupa myang smaradanane
mesthine merga sarju
tresna asih lan tanpa pamrih
mesthi antuk bebungah
langgeng nganti mbesuk
pisah marga mati raga
ayem tentrem bagya mulya ing salami
lamaning latu tresna

Watusari, 21 Maret 2020

Pupuh Dana Asmara Panglipure
Rasa Sepi
(Didik Supriadi)

merga mundur sing dha kawin
sasi iki ra tanggapan
mangka weteng krasa luwe
mung jagan sumber sasenan
sisane nyaur utang
bank thithil kudu ditutup
ra pedhuli sarwa kurang

biyung, anakmu wis tipis
balung kulit katon nyrawang
ambelasah jarik stagen
kena penyakit kang aran
sengsara tanpa srana
mbuh kapan bakale tutug
sida adol kalung giwang

nanging ra usah kuwatir
anakmu isih kelingan
gondhelan sing kok warahke
“thole tinggalna ma lima
maling aja konangan
medok yen ora ketemu
main yen kowe kalahan

madat yen ra duwe dhuwit
minum tanpa bala-kanca
miring-mirangna ramane

merga kondhange durjana
tetenger kulawarga
bangsane warga ing dhusun
simpingkiwa raja tega”

nadyan kanca uga sepi
kurang papan sandhang pangan
taktegakna kanggo sajen
mangsane jim pesugihan
timbang mung mati nistha
yen wus antuk dhuwit numpuk
taksumbang manut persenan

Watusari, 25 Maret 2020

Asmaradanane Rada Kingkin

(Didik Supriadi)

bungah temen manten putri
direngga nganggo paesan
sekar mlathi wus rinonce
kanggo panggih cara praja
ratu-ratu sadina
kawimbuh donga pangestu
kanca-rowang pamong-mitra

yen wus ngancik wanci wengi
sida netepi pakaryan
labuh marang sigarane
nyawa nyawang sing ginadhing
nyandhing tanpa sumelang
buntas bekti mring kakung
bagya-mulya kulawarga

ana warta semu lirih
manten lanang jare ilang
digondhol wewe wit senthe
tangis pecah gelasaran
kaya digebyur jarang
ngundhat-undhat ngamuk-ngamuk
kemanjingan kesetanan

ngigit-igit jerit-jerit
meh kaya prawan playahan
monting tiba saka amben
gedabrug kerasa lara
bapakne tanggap ing karya

jebule si prawan nglindur
jenggirat, isin, lan wirang

Watusari, 25 Maret 2020

Sepi Patik Geni

(Didik Supriadi)

niyat ingsung mapan sepi
tanpa pandhang tanpa hawa
jumurung marang purbane
laku lilih lan legawa
suda sandhang pangan
pamrih getih tan ngreridhu
wening padhang ing bebudya
apa kang dumunung iki
sanalika sarwa cetha
lelaku kang wus rumembe
mring raga lan lakonira
jatine kebak apa?
prayoga lekas den urut
mundha dadi salah tampa
aja nuding ing pakarti
marang tindaking sasama
tumindake dhewe-dhewe
durung karuwan prasaja
malah kepara sora
pangrusaking laku luhur
kadi buta murang tata
upamane ana isin
ing batin lan tindak tuna
warata ing titah kene
sanalika sepi sepah
kahanan kaya kabendu
bebondhoting raja mala
resepana pada iki
isi babaring patunan

durjana ilang parane
anane mung kosokira
becik wae kang ana
jalma kebak tumpuk undhung
tilas telas sing dipangan
jejodho ala lan becik
nora bisa dipisahna
mula yen becika dhewe
aja gampang ngajak-ajak
apa wimbuh kapeksa
dadine batine tatu
malah saya laku salah

Pakintelan, 25 Maret 2020

AsmaRaDana

(Didik Supriadi)

sing itung gah ungguh jati
las telas dimong sasama
sama neti tah brayate
kon kepiye bis amulya
ning galakku dumadya
gung pangaksa marah ayu
wana muga tanpa srana

Pakintelan, 30 Maret 2020

Asmara Gemes

(Didik Supriadi)

mulane aku sok eling
yen tangi nunggal sakkamar
cangkemmu anteng lir bethet
cacariwis cacaturan
nyandra saparan-paran
e tobil kok malah ngantuk
sampyan niku jane ngapa

mulane aku sok pangling
yen urip nunggal sakomah
rambutmu anteng lir rawe
dhowal-dhawul nguyab-uyab
merga arang guyangan
e tobil kok malah nembung
sampyan niku ucap apa

“mulane aku sok gething
yen turu nunggal sakbantal
tanganmu anteng tulale
jowal-jawil gerayangan
demok sakbarang-barang
e tobil kok malah ngambung
sampyan niku ajeng napa”

mulane aku sok lali
yen kowe katon maskeran
solahmu anteng sajake
ngece-ece ra konangan
ngumbar sakdalan-dalan

e tobil kok malah ndhungkruk
sampyan niku arep apa

Pakintelan, 30 Maret 2020

Wangsulane Anjasmara Ari Mami

(Didik Supriadi)

kakang mas pepujan mami
tresna kula puji kula
iklas marang kahanane
sing taksuwun waspadakna
masker tetep digawa
supaya slamet rahayu
aja nganti mati nistha

kakang mas pepujan mami
lelabuh marang nagara
wutuh ginanjar Gustine
sing taksuwun mring handika
hand sanitizer nyata
diteteske mangsa rampung
nyandhak abrag apa-apa

kakang mas pepujan mami
takgawani jampi srana
temu lawak brambang jahe
dimen padharan kajaga
supaya nora kena
penyakit ing papan lambung
sing dadi wiwit prakara

kakang mas pepujan mami
becik ndika aja lunga
thethenguk ing omah wae
dimen aman ora kena
sing ora dikersakna

yen wis tuntas ing pageblug
pun kakang pamit ra papa

“anjasmara ari mami”

Pakintelan 30 Maret 2020

Mantrane Asmaradana

(Didik Supriadi)

semelah kersaning Gusti
niyat ingsung matek japa
cengkling kukus dupa wose
kaujubna ing akasa
bumi jangkep sujanma
dak suwun jiwa ragaku
manunggal sukma-sukmanya

semeleh kersaning Gusti
marang bapa ing akasa
ibu bumi pat pancere
manunggal ing puser jiwa
mobuhe nuples-napas
dak regem manut nadiku
membra salaku-lakunya

semelah karsane Gusti
sinebaring blabar kawat
rajeg waja wesi pandhe
angregem rasa sujana
luluh limpeg tan bisa
namakke aji rerusu
dadi lugu sanalika

semeleh kersaning Gusti
nggempil dayane maruta
isen-isen sarandune
pawakan miwah plawangan
ora kena kaambah

kabeh ingaranan satru
bali ing papan purwaka

semelah kersane Gusti
daktamakke aji rasa
lawan asmaradanane
lawan pawong seja ala
miwah balak sengkala
owah ewuh aweh uwuh
asih asuh nora nggodha

Semarang, 30 Maret 2020

*Gandrunge Beksan Karonsih Kairing
Pangrawit Tebih Malah Dadi
Driyasmara
(Didik Supriadi)*

we la kae wis molahi
pragane penabuh gangsa
sengrengan pathet wiwite
sinawung gerong rombongan
pambeksa putri prapta
srisik-srisik srimpet pinjung
endahe mekaking madya

ketawang pangangen nyanggit
apa bisa nyandding sira
dadi penari lanange
nanging mendhak wae salah
mirib wong sing bebuwang
pupus wurung pangangenku
dadi pacangan paraga

ra sengaja taktamati
jalaran gambange salah
pijer cengkok menthit wae
dhasar jakatiba bara
arang antuk sarana
ninggal wargane ing dhusun
nyukupi sandhang lan pangan

merga dudu garap inti
anggepa garap salahan
sing liyane meneng wae
ra pedhuli ra digagas
dikira gegeculan
merga kondhang yaga alus
sugih garap gegendhingan

pisan-pisan atak lirik
karo mateg ing pangrasan
mriplate kok mlengsa-mlengse
semune esem-eseman
lawan wanita beksan
nyungar-nyungir kaya ngambung
ngonjuk rasa ka kadohan

pambeksa lanange mlipir
merga gendhing wus gangsaran
gambang pijer angetutke
najan ora kuwajiban
sing ngendhang mesem sepa
mecucu namatke laku
ukel sekar ngajak purna

nalika wis padha salin
penggambang cepet le ngilang
sipat kuping bebasane
ora ngenteni bayaran
karo mandhor tanggapan
abene diwehne nusul
nalikane ketemuwan

rada suwe pindhah sasi
krungu kabar kanca krama
melu bungah ngono wae
jebul sing durung bayaran
nut tresna driyasmara
dudu lawan kang kiraku
karonsih beksa kang endah

Pakintelan, 31 Maret 2020

Aja Turu Sore Kaki

(Didik Supriadi)

aja turu sore kaki
merga yen ana dum-duman
ora entuk jatah dhewe
mlonga-mlongo kerconongan
ngelih ra entuk mangan
nadyan ta wis wis bejamu
becik turu sore, aja

simbah ngendikan, saiki
ana dewa nganglang jagad
wujud cilik apa gedhe
gumbrubul angon ing mangsa
ja nganti padha lena
dongane asih rahayu
dutane kang Mahanasa

lah kae ca ditamati
kaya lintang sing alihan
nyangking bokor kencanane
menawane bisa tampa
pangajab lan usada
mesthine kang padha nyuwun
pepesthi urip raharja

jaluka sing warna-warni
dongane sok ngambra-ambra
becike dipaske wae
isine donga tetulak
sakehing balak sengkala

yen nyuwun kudu sing wangun
tembunge gampang ditampa

ora nganggo ndakik-ndakik
supaya gampang kelilingan
supaya jumbuh rasane
upama ujub sepala
sandhang kalawan pangan
kepara iku kang prelu
kango laku srawung mitra

kudu tetep ngati-ati
bangsane para manungsa
ora usah leda-lede
jarene titah sampurna
mangka tibane beja
ya iku bageyanipun
utusaning alam donya

sing sregep tirakat mesthi
luwih gampang nyandhing bungah
kadya banyu bening kae
kelir apa wae nampa
isine apa katon
upama laku kang wujud
wong melek sabar narima

Watusari, 1 April 2020

Parikena-Parikeni

(Didik Supriadi)

jalan-jalan parang tritis
tugu gethuk campur klapa
cah ayu katon manise
senenge dandan jor-joran
we lah parikan apa
tibane dhong-dhing kok ngawur
bisa nambahi prakara

udud klembak pipa gadhing
dhasar sata meduntenan
teka kapan ing sandhinge
rasane wis kangen tanan
we lah parikan ala
tibane dhong-dhing kok nglindur
bisa nambahi sengsara

bonang renteng pamor manis
tinatah keris lajeran
kapan memanise
sajak turah ing sulistya
apa iki ya parikan
tibane dhong-dhing ra nglagu
kabeh merg smaradana

udan dawa riwis-riwis
adheme sadawa-dawa
lambe tipis cariwise
tambah bingung batin kula
merga kangen handika

dhasare tanpa ketemu
corona sumber memala

Sekaran, 1 April 2020

Dhemit Ora Ndulit Setan Ora Doyan

(Yusro Edi Nugroho)

Ngendikane kyai ndesa,
"Yen sira ora bisa mbaguske olehmu ngibadah ing sasi
romadhon,
bakale keduwung nalikane mati, awit anggonmu lali karo
ngibadahmu."

Aku gawang-gawang golek titi warta, apa ta sejatine kanda,
neng ngendi papan dununge pasa, dene kok dieja dadi sasi
minulya,
awit ing sasi romadhon iki, sumurupku nalikane wong wong
kudu guyup menembah marang Gusti, malah
akeh sing padha lali marang baguse rasa.
tanduran katresnan tuwuh dadi cecongkrahan, kabeh padha
nggugu karepe dhewe, rebut bener golek pangalembana.

Ing sasi romadhon iki, wong wong padha gawe gendra, mung
jalaran saka bedane rupa, rumangsa paling kuwasa, prentah
mrana prentah mrene, nganggo rupa buta apengawak satriya.

Ing sasi romadhon iki,
Ilining banyu swarga padha dibendungi, ngumbar angkara
murka kang tanpa upama, ngundhat undhat drajat mung
kanggo sapa sing bisa alok sora.

Dupeh lagi onjo, pageblug digawa gawa, kanggo medeni
manungsa, kamangka sejatine mung Gusti Allah kang paring
sabda, dudu benerku lan benermu kang kudu dadi jago, ambeg
deksura marang sapadha padha.

Ayo ndang enggal wisuh banyu tawa, penerna ngibadahmu,
cik ben dhemit ora ndulit setan ora doyan,
pernahna panembahmu, cikben ora gigrig marang memala
kang nyebar lelaran,
awit rosing rasa mung kudu dumunung marang sejatining
Pangeran, manungsa pindhane kumlandheyen kabur
kanginan.

Ungaran, 28 April 2020.

Riyaya Taun Iki

(Yusro Edi Nugroho)

Riyaya taun iki
kowe lan aku ana ngomah wae.
Sanajan neng meja tamu kebak panganan lan klethikan,
nanging kuwi kabeh dudu pasugatan, awit ora ana dhayoh
sing kudu disugata.

Aku banjur kelingan ngendikane simbah,
"Dhayoh lan nyugata iku perkara wigati le...". "Awit tekane
dhayoh dadi dalane rejeki, jagongan lan srawung iku
minangka tamba lara kareben manungsa ora cepet mati".

Riyaya taun iki,
kowe lan aku ora kudu salaman, gondhelan tangan kenceng-
kecengan,
Awit silaturahmi cara saiki kuwi bisa nganggo we-a we-a nan,
nulis sepisan dikirim nganti sakpirang-pirang, ora kudu ngerti
sapa sing mbok kirim, ora kudu ngenteni apa kang dadi
pawangsulan.

Aku banjur kelingan,
Ning pangkone simbok aku nangis ngaruara, ngaku salah
kebak dosa, mundhi dhawuh ben dadi wong mulya.
Ah, neng kana kok kebak temen rasa asih sing ora bisa dituku
nganggo angka,
amung tresna lan pamgapura
kang jembare ngalahke segara.

Ungaran, 22 Mei 2020, 16.58

Ing pungkasane wulan pasa.

Mung Kari Separo

(Yusro Edi Nugroho)

Wis udakara sangang sasi iki,
wong-wong sakiwa tengenku kari separo,
murid kari separo,
guru kari separo,
rapat kari separo,
seminar kari separo,
rai kari separo,
awakku uga kari separo.
Kabeh pada kentir ombyaking jaman,
jaman kalabendu kang yang neneka salah mangsa,
nggawa pageblug gedhe ngentirake jati diri ning manungsa.

Ing kalaning pasamuan,
Wong wong pada onjo pasang rupa,
kareben entuk pangalembana,
kanthi sandhangan kang manjila,
jas bukak iket blangkon, pasangane sandhal jepit, kathok
kolor.

Awit kamanungsan pada temangsang ing pang-pang garing,
kalebu, sepatu, pantalon, wedak pupur, lan benges abang,
Ilang sirna tanpa lari,
kabeh mung kari separo.

Semarang, 9 November 2020

Kelas Online

(Yusro Edi Nugroho)

Rikalane mlebu kelas,

Pak Guru ndangu.

"Le, Nduk, apa kowe percaya yen gurumu bisa mulang?"

"Inggih bapa kula pitados"

Yen kowe ora percaya, kowe kena takon marang mbah google,
lan mbah mbah liyane, awit kanggoku, kabeh wis cumepak ana
ing kana, sing ora kudu sapatemon sapejagongan.

Kanggoku, pakaryan mulang mung butuh tresna lan welas
asih, lelandesan temene murid marang guru, awit guru iku
digugu lan ditiru.

Ungaran, 27 April 2020

Geger

(Joko Sukoyo)

Geger
Geger
Geger tenan

Sakdonya
Geger
Tenan geger

Geger Corona

Ing koran ana corona
Ing tipi ana corona
Ing radhiyo ana corona
Ing medsosmu uga ana corona

Geger tenan

Muga muga enggal lerem
Muga muga enggal ayem lan tentrem

GMR, 15122020

Corona

(Joko Sukoyo)

Jarene musim corona
Jarene kudu nganggo masker
Jarene kudu olahraga
Jarene kudu jaga jarak
Jarene obate durung ana

JARENE BANTUAN CORONA DIKORUPSI
JARENE BANTUAN CORONA DIKORUPSI
JARENE BANTUAN CORONA DIKORUPSI
JARENE BANTUAN CORONA DIKORUPSI

Eh...eh
Ora jarene
Pancen kok

ASTAGHFIRULLAH HALADZIM
ASTAGHFIRULLAH HALADZIM
ASTAGHFIRULLAH HALADZIM
ASTAGHFIRULLAH HALADZIM

GMR, 15122020

Ben

(Joko Sukoyo)

Corona bro

Ben

Corona Sis

Yoben

Corona Sis Bro

Yo wis ben

Corona Pak

Ben

Corona Bu

Yoben

Corona Mbah

Yo wis ben

Oh ngono

Panjenengan ora preduli

Panjenengan wis sekti

Panjenengan wis siap mati?

GMR, 15122020

Profil Penulis



Dr. Pembayun Miji Lestari, M.Hum.

Penulis adalah dosen di Jurusan Bahasa dan Sastra Jawa Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Semarang (UNNES) yang lahir di Klaten. Mata kuliah yang diampu yakni Sosiolinguistik, Pragmatik, Analisis Wacana, Psikolinguistik, Seminar Linguistik, Menulis Kreatif. Penulis aktif menulis dan mempublikasi dalam bentuk puisi, *geguritan* (puisi Jawa), buku referensi, artikel di jurnal nasional maupun internasional, monograf, *bookchapter*, dan antologi karya. Selain itu penulis terlibat menjadi mitra bestari dan reviewer di beberapa jurnal terakreditasi nasional Sinta 2 dan *Inchief* editor jurnal Sutasoma. Penulis sering mengisi seminar, pelatihan kepenulisan atau klinik manuskrip buku, artikel dan penulisan lain di berbagai forum. Selain itu penulis juga aktif sebagai Mendeley Advisor Indonesia atau menjadi instruktur aplikasi referensi penulisan ilmiah Mendeley. Penulis bisa dihubungi via HP 081329160955, atau FB dan Instagram Pembayun Miji Lestari.



Ermi Dyah Kurnia. Samenika makarya wonten ing Universitas Negeri Semarang mliginipun wonten ing Fakultas Bahasa dan Seni, Jurusan Bahasa dan Sastra Jawa, lan mucal mata kuliyah Linguistik. Piyambakipun ugi taksih kuliyah S3 wonten ing Prodi Ilmu-Ilmu Humaniora Universitas Gadjah Mada Yogyakarta angkatan 2018. Nyerat lan maos geguritan menika dados hobi tambahanipun. Kadhangkala ndherek maos geguritan wonten ing komunitasipun. Hobi sanesipun inggih menika nyerat dongeng bocah utawi crita anak. Udakara sampun nyerat tigang buku, ingkang setunggal awujud kumpulan cerita anak abasa Indonesia. Kumpulan cerita anak menika dipunjangkepi kaliyan boneka jari kangge piranti ndongeng. Kedadosan Corona ing taun kembar 2020 menika ndadosaken inspirasi kangge ndamel geguritan. Geguritan ingkang sampun kaanggit menika kangge sarana mbabaraken sedaya pamikiran panulis bab corona mawi basa Jawi limrah, ateges boten mawi basa ndhakik-ndhakik.



Ucik Fuadhiyah, lahir di Bergaslor Kabupaten Semarang Jawa Tengah, 6 Januari 1984. Aktif dalam berbagai kegiatan apresiasi pembacaan puisi dan *geguritan* (puisi Jawa) baik sebagai pembaca/penggurit, maupun juri lomba dan festival. Beberapa rekaman pembacaan puisi dan *geguritan* yang pernah ia bacakan diunggah di akun youtube pribadinya. Menulis puisi sebagai hobi dan wujud minat serta kecintaannya pada dunia sastra.

Buku karyanya Kumpulan *Geguritan* yang berjudul “*Gendari marang Drestarastra*” terbit pada Agustus 2020. Pada tahun 2018 menulis buku berjudul “Kajian Drama Jawa dan Teknik Pembelajarannya”. Beberapa kali menulis dalam karya antologi yang telah diterbitkan bersama baik dalam bentuk buku antologi *gurit*, puisi, *cerkak*, maupun esai. Beberapa karya terbaru berupa kumpulan puisi dan kumpulan naskah drama saat ini sedang dipersiapkan dalam proses penerbitan.

Kegiatan sehari-hari sebagai pengajar tetap di almamaternya; Jurusan Bahasa dan Sastra Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Semarang (UNNES) dengan mata kuliah pokok: Puisi Jawa Modern, Drama Jawa Modern, dan Strategi Pembelajaran. Saat ini tinggal bersama keluarga di Gang Kemuning Perumahan Mangunsari Asri, Kecamatan Gunungpati Kota Semarang. Dapat dijumpai via email:ucikfuadhiyah@mail.unnes.ac.id/ucikfuadhiyah@yahoo.com, Instagram (IG): ucik_fuadhiyah, Twitter: @UFuadhiyah dan Facebook: Ucik Fuadhiyah.



Nur Hanifah Insani, S.Pd., M.Pd., lahir di Magelang, 27 Juli 1992. Penulis menempuh pendidikan S-1 di Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta lulus pada tahun 2014 dan melanjutkan S-2 di Program Studi

Magister Pendidikan Bahasa Jawa, Universitas Negeri Yogyakarta, lulus pada tahun 2016. Saat ini penulis bekerja sebagai dosen di Jurusan Bahasa dan Sastra Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Semarang. Beberapa kontribusi penulis dalam jurnal ilmiah diantaranya: *Kamus*

Elektronik Basa Jawi Kangge Siswa SMP Minangka Sumber Alternatif Pasinaon Basa Jawi (2014), Pendidikan Karakter Dalam Iluminasi Naskah Babad Pecinna (2017), Ajaran Budi Pekerti dalam Iluminasi Naskah Babad Kartasura-Sokawati (2018), Sérat Nitimani: Pendidikan Seks berdasarkan Etika Jawa (2018), Konstruksi Budaya Dakwah Emha Ainun Nadjib Dalam Acara Mocopat Syafaat Sebagai Medium Resistensi (2019), Pengembangan Kamus Bahasa Jawa Digital Berbasis Android (2019), *The Philosophical Meaning of Batik Motif Sawunggaling* (2019), Sosialisasi Dan Upaya Mengedukasi Masyarakat Muda Pada Seni Sastra Jawa Melalui Program *Gurit On The Road- Gurit On Car Free Day* (2020), dan *Ecological Wisdom In Wangsalan As An Effort To Strengthen Character Education With Conservation-Minded* (2020). Penulis juga aktif menjadi kontributor majalah Jawacana, dengan beberapa tulisan, seperti Bias gender tembung ‘pelakor’ (2019), *Elegi* Naskah Nuswantara (2019), Sekaten Tanpa Pasar Malem, Asik-asik Wae! (2019), Dilematika UN, Aja Dipikir Spaneng! (2019), Maskulin/Feminim, Pilihan Apa Tekdir? (2020), UU Cilaka (Cipta Lapangan Kerja), Apa Temen Dadi Cilaka? (2020), dan BLT, Berkah Pandemi Kang Nyilakani (2020). E-mail penulis: enhanyf@gmail.com.



Sri Prastiti Kusuma Anggraeni adalah pengajar di Jurusan Bahasa dan Sastra Jawa Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Semarang. Penulis menyelesaikan program studi S1 Program Studi Sastra Daerah di Universitas Sebelas Maret Surakarta. Pendidikan S2 ditempuh di Universitas Negeri Semarang dengan Program Studi Ilmu Pendidikan Bahasa. Penulis mengajar pada bidang

keterampilan berbahasa dan sastra lisan. Selain menggeluti dunia pengajaran, penulis juga aktif dalam berbagai kegiatan yang turut mendorong upaya untuk melestarikan kebudayaan daerah. Penulis merupakan pengurus aktif Komite Seni Budaya Nusantara dan Himpunan Sarjana Kesusastraan Indonesia dan juga Ikatan Dosen Budaya dan Bahasa Daerah.



Mujimin

Wonogiri, 27 September 1972
Jl. Seudati III/E.21 Perum P4A
Pudakpayung, Banyumanik, Semarang



Didik Supriadi lulusan Universitas Negeri Semarang. Sarjana Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia Daerah selesai tahun 2010 dan Magister Pendidikan Bahasa Indonesia selesai tahun 2013 berada pada kampus yang sama. Saat ini, sastra Jawa menjadi isian harian yang tidak mampu ditinggalkan.

Hal tersebut memang tidak sejalan dengan latar belakang pendidikan sebagai dasar keilmuan. Tetapi, dasar pengetahuan yang mendominasi pola pikir kejawaan menjadikan segala karya memuat ihwal tentang Jawa.

Pada antologi ini, beberapa karya geguritan penulis (puisi Jawa modern) ditulis menggunakan metrum tembang macapat. Mungkin saja setelah membaca, kemudian berpikir tentang kekurangan pada semiotika dan sebagainya. Atas hal itu, bolehlah pemaklumannya. Lain dari hal kekurangan,

geguritan bermetrum tembang hanyalah sekadar renaisans suatu karya yang pernah dilestarikan para pujangga masa lalu, leluhur. Tulisan geguritan atas ekspektasi masyarakat dari suatu desa kecil di Semarang ini semoga mampu berterima.



Yusro Edy Nugroho, Lahir di Kebumen 25 Desember 1965. Menempuh pendidikan S1 Program Studi Sastra Jawa di Universitas Gajah Mada, pendidikan S2 Program Studi Ilmu Susastra di Universitas Indonesia, dan pendidikan S3 Program Studi Ilmu Pendidikan Bahasa di Universitas Negeri Semarang. Saat ini aktif mengajar sebagai dosen Sastra Jawa di Universitas Negeri Semarang.



Dr. Joko Sukoyo, M.Pd., lahir di Boyolali, 7 Agustus 1982. Alumni S-1 Universitas Negeri Yogyakarta, Program Studi Pendidikan Bahasa Daerah tahun 2005. S-2 Universitas Sebelas Maret Surakarta, Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa tahun 2013 dan S-3 Universitas Negeri Yogyakarta Program Studi Ilmu Pendidikan Bahasa tahun 2020. Sejak tahun 2008 menjadi dosen di Jurusan Bahasa dan Sastra Jawa Universitas Negeri Semarang. Hasil-hasil penelitiannya pernah diterbitkan di jurnal nasional dan jurnal internasional, diantaranya adalah Interferensi Bahasa Indonesia dalam Acara Berita Berbahasa Jawa “Kuthane Dhewe” di TV Borobudur Semarang (Jurnal Lingua, 2011), Analisis Wacana Percakapan Berbahasa Jawa di Jejaring Sosial Facebook: Kajian Kohesi (Jurnal Widyalparwa, 2012),

Peningkatan Kompetensi Guru Melalui Workshop Penyusunan Soal Digital Bahasa Jawa Menggunakan Program *Adobe Captivate* (Jurnal Rekayasa, 2013), Hubungan Antara Penguasaan Tingkat Tutur Dan Sikap Ekstrovert Dengan Keterampilan Berbicara Krama Alus Mahasiswa Program Studi Pendidikan Bahasa Dan Sastra Jawa Universitas Negeri Semarang, (Jurnal Pendidikan Bahasa dan Sastra, 2013), Pengembangan Lagu-Lagu Berbahasa Jawa Bermuatan Nilai-Nilai Karakter sebagai Media Pembelajaran Anak Usia Dini (Jurnal Widyalparwa, 2016), Program Peningkatan Kemampuan Guru Dalam Pembelajaran Bahasa Jawa di SD Patemon 01 dan SD Sekaran 01 Kecamatan Gunungpati Kota Semarang (Jurnal Pengabdian Masyarakat, 2017), *Character Value in Kampong Sala Legend and its Relevancy as Teaching Materials at School (Language Circle, 2018). The Effectiveness of Game-Based Learning Model in The Javanese Language Class (HSSR Journal, 2020)*. Selain itu sebagian artikel juga pernah dipresentasikan dalam berbagai seminar baik seminar nasional maupun seminar internasional, diantaranya Nilai-Nilai Moral yang Terkandung dalam Cerita Ramayana (2015), Pembentukan Karakter Anak Bangsa Melalui Tembang Dolanan (2015), Strategi Pelestarian Tembang-Tembang Jawa sebagai Aset Budaya Bangsa (2016), Kebijakan Pembelajaran Bahasa Jawa di Jawa Tengah dan Evaluasinya (2016), Pengembangan Buku Cerita Rakyat Tiga Bahasa Berdasar Sastra Lisan di Wilayah Surakarta sebagai Strategi Pemertahanan Budaya Jawa (2018), *The Use of Javanese Traditional Games as Learning Media of Writing Javanese Script in The Elementary School (2020)*. Jika ingin berkomunikasi bisa menghubungi email: joko.sukoy@gmail.com. HP: 085741688080.